ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№37 (24.943) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 28, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Гушхуэныгъэ яхэлъу

### КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIыжыныгъэм и махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!
Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIыжыныгъэм и махуэмкIэ!

Лъэпкъ псоми зэдэдгъэлъапIэ мы махуэр я дамыгъэщ тхыдэм и пэжыпIэмрэ егъэзыгъэкIэ хэкум ирашу илъэс 13-кIэ хамэ щIыпIэм щыпсэун хуей хъууэ адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжа балъкъэрхэм яхуэгъэзауэ захуагъэр зэрызэфIэувэжамрэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ гугъуехьхэми зэрытекIуэнур къэзыгъэлъагъуэщ.

Нобэ дэ балъкъэр лъэпкъым дыдоIэт махуэшхуэм къыдэкIуэ гуфIэгъуэр, иужьрей илъэсхэм абыхэм экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм, щIэныгъэ IэнатIэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм дрогушхуэ. Мы зэманым ахэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэду зэдэпсэу и цIыхубэм яхэту, гушхуэныгъэ яхэлъу ипэкIэ макIуэ, гъащIэм и IэнатIэ куэдым ехъулIэныгъэщIэхэр зэрыщызыIэрагъэхьэр, республикэми зэрыщыту Урысейми я къэкIуэнур ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэу.

Шэч къытесхьэркъым, дызэгъусэу ди зэкъуэтыныгъэр дгъэбыдэкIэрэ, дэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпори къызэднэкIыфынущ, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ яфI зыхэлъхэм хуэгъэпса мурадхэр зэдгъэхъулIэфынущ.

Республикэм ис псоми си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу узыншагъэ быдэу яIэу, мамыру, зэIузэпэщу псэуну.

## ЩIыхубэм гуапэу зэдаIэт



**Республикэм и Музыкэ къэрал театрым дыгъуасэ концерт гукъинэж щекIуэкIащ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм и щIыхькIэ.**

МАХУЭШХУЭМ хуэщIауэ, IуэхущIапIэм и пэIущIэ пэшым щагъэуват сурэтхэмрэ дэфтэрхэмрэ щызэхуэхьэса «Моя Балкария» выставкэмрэ декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшып гъэщIэгъуэнхэмрэ.

ГуфIэгъуэ пшыхьым кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ, щIыналъэм и унафэщIхэм ящыщхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, студентхэр, еджакIуэхэр.

Къызэхуэсахэм Iэгуауэшхуэхэр хуаIэту концертыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм. Артистхэр къеджащ балъкъэрхэм я тхыдэм, лъэпкъым и щIыхьыр зыIэт лэжьакIуэхэм, щIыналъэм и щIыуэпс телъыджэм теухуа усэ купщIафIэхэм.

Щхьэхуэу къытеувыIащ ди республикэм имызакъуэу, къэралми щыцIэрыIуэу щыта тхакIуэшхуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ яку дэлъа зэныбжьэгъугъэ быдэм, Хэку зауэшхуэм, гугъуехь куэдым ахэр зэгъусэу зэрыпхыкIам.

Пшыхьыр зэхуащIыжащ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдымрэ зэныбжьэгъугъэм и къафэкIэ.

Балъкъэрхэм я махуэшхуэм иращIэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр, цIыхубэм зэдаIэту, мы махуэхэм республикэм и щIыналъэ псоми щекIуэкIынущ, концерт нэгузыужьхэм къадэкIуэу, выставкэхэр, еплъыныгъэхэр, зэпеуэхэр зэхашэнущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



## Къэрал гулъытэ зыгъуэтахэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр литературэмрэ гъуазджэмкIэ, щIэныгъэмрэ техникэмкIэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ игъэува саугъэтыр щIэныгъэ IэнатIэм зыщыхуагъэфэщахэм я дамыгъэ, цIэ лъапIэхэр яритыжащ.**

САУГЪЭТХЭР хуагъэфэщащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэу литературэмрэ гъуазджэмрэ я IэнатIэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа IэдакъэщIэкIхэр зиIэхэм, щIэныгъэ къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр езыгъэкIуэкIа щIэныгъэ лэжьакIуэхэм.

ГуфIэгъуэ зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, министерствэхэмрэ IуэхущIапIэхэм я Iэтащхьэхэр.

КIуэкIуэ Казбек щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, щIэныгъэ IэнатIэм я лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ абыхэм я творческэ, псэкупсэ, узэщIакIуэ къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкIэ, щIэблэр гъэсэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм республикэм и Iэтащхьэм жиIащ:

- Фыздынэсыфахэр, шэч хэмылъу, къурикIуащ фегугъуу, фи къару фемыблэжу фызэрылэжьам, ауэ гурыIуэгъуэщ уи IэщIагъэр фIыуэ плъагъумэ, абы ухуэпэжмэ, уи мурадхэм уалъэIэсын папщIэ узыхуеину псори бгъуэтмэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр къызэрыпхуэхьынур. Дэ адэкIи сыт и лъэныкъуэкIи дэтIыгъынущ щIэныгъэ IэнатIэр, ди щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ зыхуеинухэмкIэ къызэдгъэпэщынущ, я зэчийр нэсу къызыкъуахыфын папщIэ. Мыбдежым къыщылъытапхъэщ щIэныгъэмрэ ар здынэс лъагапIэхэмрэ ди къэралышхуэ Урысейм, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым я къэкIуэнум и тегъэщIапIэу зэрыщытыр. Абыхэм елъытащ ди зыужьыныгъэр, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнми къалэнышхуэ щагъэзащIэ. Ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм дэ къалэну къытхуигъэуващ зэман гъунэгъум Урысейм технологие и лъэныкъуэкIэ бжьыпэр иубыдын хуейуэ икIи дэ абы дыкъимыкIуэту дыхущIэкъун хуейщ, мыхьэнэшхуэ зиIэ а пщэрылъыр гъэзэщIа хъуным ди щIэныгъэлIхэри жыджэру хэтыну дащогугъ. Сынывохъуэхъу нобэрей саугъэтхэр фи лэжьыгъэм и лъагапIэ нэхъ ин дыдэ мыхъуу, атIэ ахэр ехъулIэныгъэщIэхэм фахуэзышэн зы дэкIуеипIэу къыфхущIэкIыну, дыщалъхуа республикэмрэ къэралымрэ щыпсэухэм фи лэжьыгъэмкIэ къахуэфхь сэбэпынагъыр фи зэфIэкIхэм я инагъыр къызэрыфлъытэ пщалъэ нэхъыщхьэ дыдэу щытыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УказкIэ къэрал саугъэтхэр литературэмрэ гъуазджэмрэ я IэнатIэхэм щыхуагъэфэщащ «ЛIэщIыгъуэм и цIыху цIэрыIуэу щэ» документальнэ фильмхэм я сценарийр зытхахэу Елъкъан Маринэ, Жабоевэ Iэсият, Къэзанш Людмилэ, продюсер Хьэмжу Ларисэ сымэ;

литературэджхэу Къуэныкъуей Мадинэрэ Къаскъул Зитэрэ - «Къэбэрдей литературэм и классикэ тхэкIэр зэрызэфIэувамрэ абы зэрызиужьамрэ» тхылъыр зэрагъэхьэзырам папщIэ;

филологхэу Кучуковэ Зухрарэ Тетуев Борисрэ, тхакIуэ-документалист Темукуев Борис - Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын и тхыгъэ псори щызэхуэхьэса тхылъхэр къыдэкIыным зэрыхуагъэхьэзырам папщIэ;

сурэтыщI СэвкIуий Хьэмид - «Хьэжы-Мурат», «Къэзакъхэр» повестхэм яхуищIа графикэ сурэтхэм папщIэ.

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэр иратащ, абы и лауреат цIэ лъапIэр фIащащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАН-м и КъБЩIЦ-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэ Абазэ Алексей, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАН-м и КъБЩIЦ-м и щIэныгъэ-инновацэ центрым и унафэщI Къущхьэбий Анзор - «Адыгэхэр: Адыгейхэр. Къэбэрдейхэр. Шэрджэсхэр. Шапсыгъхэр» монографиер зэрагъэхьэзырам папщIэ;

биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий - «Къэбэрдей-Балъкъэрым узыщрихьэлIэ къэкIыгъэхэр: зэрызэхэлъ щIыкIэр, я лIэужьыгъуэхэр, экологиер, ахэр хъумэныр, зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыныр» монографие лэжьыгъэхэм папщIэ;

Бгы лъагэ геофизикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Къурашэ Оксанэ - ЩIым теухуа щIэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа къэхутэныгъэхэр зэригъэкIуэкIам папщIэ;

Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м неорганическэ икIи физическэ химиемкIэ и кафедрэм и ассистент Хъуэт Астемыр - пщтырагъ гуащIэхэр зэран зыхуэмыхъу химие пкъыгъуэхэр къэгупсысыным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм кърикIуахэм папщIэ;

Бгы лъагэ геофизикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Шэру Марьянэ - ЩIым теухуа щIэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа къэхутэныгъэхэр зэригъэкIуэкIам папщIэ.






*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# «Урысей зэкъуэтым» къепщытэж

**«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр къыщапщытэжа зэхуэс щекIуэкIащ Налшык, ЩIалэгъуалэм я унэм. Абы хэтащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым, Къэрал Думэм я депутатхэр, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, «Молодая гвардия» зэгухьэныгъэм хэтхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр, журналистхэр. ЗэIущIэр къызэIуахащ УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэмкIэ. Зэхуэсахэм гуп-гупу загуэшри, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм тепсэлъыхьащ. Абы хэтащ мыпхуэдэ Iыхьэхэр: дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъун, экономикэ, медицинэ, егъэджэныгъэ.**

IУЭХУГЪУЭ щхьэхуэхэм тещIыхьауэ екIуэкIа Iыхьэхэм щыжаIахэмрэ къыщыхалъхьахэмрэ къыщызэщIакъуэжа зэIущIэр къызаIуахащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым лъэпкъ программэр зэригъэзэщIар белджылы къэзыщI видеотеплъэгъуэмкIэ.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа Аттаев Азнор пэублэ псалъэу жиIащ:

- Илъэситху ипэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партыр елэжьын щIидзащ лъэпкъ программэхэм. Ар гъэзэщIэным хэлэжьыхьащ депутатхэр, волонтёрхэр, дохутырхэр, щIэныгъэлIхэр, хьэрычэтыщIэхэр, зауэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. КъэкIуэнум тещIыхьа псэукIэ доухуэ, дызэплъэкIыжрэ блэкIам дерсхэр къыхэтхыжурэ, - жиIащ абы.

Гуп-гупу ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм щыжаIахэм, мурадрэ къалэну щагъэувахэм теухуауэ къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ и центрым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Шевчук Герман, хьэрычэт цIыкIумрэ курытымкIэ «Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и унафэщI Къылъшыкъуэ Альберт, Республикэ клиникэ сымаджэщым мафIэм исахэм щеIэзэ и къудамэм и унафэщI Хьэжы Артур, Тэрч къалэм дэт етхуанэ курыт еджапIэм и унафэщI Тумэ Валентинэ сымэ.

- Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэм, зауэлIхэм я унагъуэхэм гулъытэ яхуэщIыныр къэралым зыхуигъэувыжа къалэнщ икIи ар гъэзэщIэным Iэмалу щыIэхэмкIэ дыбгъэдохьэ. Гулъытэ ягъуэт зауэлIхэм, уIэгъэ хъууэ къэзыгъэзэжахэм, дзэ Iуэху хэхам никъуэдыкъуэ щыхъуахэм, къулыкъум пэрыту зи псэ зытахэмрэ абы хъыбарыншэу щыкIуэдахэмрэ я унагъуэхэм. Ди республикэм щыдогъэзащIэ абыхэм даридэIэпыкъун щхьэкIэ дгъэбелджыла Iуэху 65-рэ.

2023 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м КъБР-м и Iэтащхьэм къиищта унафэм тету, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абы хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ «Грушёвая роща» санаторэм, 2025 гъэм щегъэжьауэ Урысейм и социальнэ фондым и реабилитацэ центрхэми ягъакIуэ. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ хуащIащ цIыху 443-м. Дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я бын 375-м я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъащ икIи зыщагъэпсэхуащ «Радуга», «Звёздочка» сабий санаторэхэм, - жиIащ Шевчук Герман. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэм. Гулъытэ, захуагъэ, пщIэ - мы Iуэхугъуищыр хабзэ хуэхъуащ фондым. ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуащI гулъытэм къытеувыIэу, къэпсалъэм къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр щIэх-щIэхыурэ еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ зэраIущIэр, «ЛIыгъэм и дерс» Iуэхухэм зэрыхэтыр.

Экономикэм щытепсэлъыхьа секцэм щыжаIахэр игъэбелджылащ Къылъшыкъуэ Альберт. Абы жиIащ зэIущIэм къыщагъэлъэгъуа бжыгъэхэм къытемыувыIэу, адэкIэ ялэжьын хуей къалэну зыхуагъэувахэм тепсэлъыхьмэ нэхъ къезэгъыу.

- ЗэIущIэм къалэн гугъухэр къыщыдгъэлъэгъуащ. Абы хэтахэм жаIамрэ къыхалъхьа Iуэхугъуэхэмрэ Iыхьэ зыбжанэу дгъэбелджылащ. Япэу дыкъытеувыIащ энергетикэм, етIуанэу - технологие Iуэхугъуэхэм. Технологие хьэрычэт Iуэхур гъэкIуэтэным сэбэп хуэхъуну гъэпсыкIэ щхьэхуэ ухуэным зепщытын зэрыхуейм теухуа еплъыкIэ къыжаIащ къэпсэлъахэм. ДыкъытеувыIащ налог Iуэхухэми. Къэпсэлъахэм жаIащ а Iуэхугъуэм щхьэхуэу къытегъэзэжын, убзыхун, хабзэ щхьэхуэхэри хуэгъэбелджылын хуейуэ. Дытепсэлъыхьащ зэхэщIыкI IэрыщIым, бжыгъэхэм тет технологиехэм, нэгъуэщIхэми -, жиIащ абы.

Тумэ Валентинэ КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэхугъуэ щхьэпэхэр республикэм къыщызэгъэпэщыныр и нэIэ зэрыщIэтым папщIэ. Ар ехьэлIащ егъэджакIуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуами, абыхэм я зэпеуэхэми, курыт еджапIэхэр зэрызэрахьами, еджапIэщIэхэр зэраухуами, ахэр зыхуейхэмкIэ къызэрызэгъэпэщами. И гугъу ищIащ «Илъэсым и егъэджакIуэ», «Илъэсым и гъэсакIуэ» зэпеуэхэми.

Хьэжы Артур тепсэлъыхьащ «Модернизация первичного звена здравоохранения» лъэпкъ программэм.

- Республикэм программэр зэрыщагъэзащIэ илъэситхум къриубыдэу къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ медицинэ IуэхущIапIэу 30, щIэуэ яухуащ - 15. Медицинэ IуэхущIапIэхэм иджырей Iэмэпсымэхэр къызэрыщагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ сымаджэщхэм Iуэхутхьэбзэхэр нэсу къыщызэгъэпэщащ. ЦIыхухэм я Iуэхур нэхъ тынш хъуащ онлайн чэзур къызэрыунэхури - ахэр зыхуэныкъуэ дохутырым и деж нэхъ тыншу нос -, жиIащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыщыпсалъэм къыхигъэщащ иужьрей илъэс пщIы бжыгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэтащхьэу тетыр «Урысей зэкъуэт» политикэ партым зэрыщыщыр.

- «Урысей зэкъуэт» политикэ партыр къэралым щынэхъ лъэщ дыдэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу пщIыми, ар зи лъэ быдэу ува, цIыхухэм дзыхь зрагъэз политикэ партщ.

Лъэпкъ программэр, лъэпкъ проектхэр икъукIэ щхьэпэщ псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ. Сыт зи гугъу тщIы программэхэм илъэситхум къадэкIуар? Программэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зедгъэужьыну Iэмал къыдататащ, япэрауэ. Илъэситху ипэкIэ республикэм иIа мылъкум хуэдитI къыхэхъуащ а пIалъэм. Республикэм и къэрал щIыхуэ къудейм и гугъу пщIымэ, наIуэ мэхъу илъэситху лэжьыгъэм кърикIуахэр. 2018 гъэм КъБР-м и къэрал щIыхуэр сом мелард 12 хъурт. Нобэ республикэм и щIыхуэр зэрыхъур езым и хэхъуэм и процент 15 къудейщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ медицинэм, егъэджэныгъэм, спортым, щIалэгъуалэ Iуэхум щызэдгъэхъулIахэм. КъытеувыIащ гугъуехьхэми. Апхуэдэщ, къэрал псор, республикэр гуауэщхьэуэ хэзыгъэта «Ковид-19» узыфэ зэрыцIалэри, ди щIалэхэр дзэ Iуэху хэхам я къалэныр зэрыщагъэзащIэри. Къыхигъэщащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым зауэлIхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ илэжьахэри.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# ГъэнщIащ лIыгъэрэ хахуагъэкIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм хэту къулыкъу езыхьэкIхэу, абы и лэжьакIуэхэу, и ветеранхэу пщIэ зыхуэтщIхэ! Дынывохъуэхъу фи IэщIагъэм епха махуэщIым и щIыхькIэ, апхуэдэуи УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10, хабзэм кIэлъыплъыным и дзэхэр зэрыщыIэрэ илъэс 215-рэ зэрырикъумкIэ.

ЕфхьэкI къулыкъум и тхыдэм щыкуэдщ лIыгъэрэ хахуагъэкIэ гъэнщIа напэкIуэцIхэр. Нобэ Урысей гвардием и дзэхэм пщэрылъ щащIащ мыхьэнэ къызэрымыкIуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъхэр зэфIэхыныр. Фэ жыджэру фапэщIэтщ щIэпхъаджагъэхэр зылэжьхэм, жэуап фохь къэрал, промышленнэ IуэхущIапIэхэр, коммуникацэ, транспорт, энергетикэ IэнатIэхэр хъума хъунымкIэ, хьэпшып хэхахэр, гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр зыхуэфащэм яIэрэхьэнри фи нэIэм щIэтщ, Iэщэр зегъэкIуэнми ткIийуэ фыкIэлъоплъ.

А псори фогъэзащIэ екIуу, къызыхуэтыншэу, фи къалэнхэр тэрэзу зэфIэфхыу, лэжьыгъэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрывгъэхьэу, хабзэр зыми къызэпевмыгъэуду, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр фхъумэу.

ФIыщIэ ин фхузощI вбгъэдэлъ Iэзагъым, къулыкъум фызэрыхуэпэжым, Хэкум фызэрыхуэщыпкъэм папщIэ. Псом хуэмыдэу дахуэарэзыщ Урысей гвардием и зауэлIхэу мы зэманым дзэ Iуэху хэхам шынэ ямыщIэу, я псэ емыблэжу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу, мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр ягъэзащIэу хэтхэм.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, псэкIи фыкъэмылэнджэну, Хэкум, Урысейм я цIыхубэм хуэфщIэ фи къулыкъу мытыншым ехъулIэныгъэщIэхэр щызыIэрывгъэхьэну.

МахуэщIымкIэ, пщIэ зыхуэтщI росгвардейцхэ!

**КИФЩI-м шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымрэ коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ зэзыгъэуIу зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий.**

# Набдзэгубдзаплъэу дапщэщи хущытщ

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ КИФЩI-м щыщ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ щIэпхъаджагъэм щыхъума зэрыхъупхъэм, ахэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ хэзышэну зи мурадхэм япэIэщIэ щIын зэрыхуейм.

Чайкэ Юрий къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI зэманым къриубыдэу, унафэ зыIэщIэлъхэр а Iуэхум набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъын зэрыхуейм, дэтхэнэ зыми иригъэкIуэкI лэжьыгъэм адрейхэр щигъэгъуазэу.

# Я лэжьэкIэр ирагъэфIакIуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ СтатистикэмкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и управленэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Гъащтэ Аурикэ. ЗэIущIахэм къапщытэжащ республикэм и къулыкъущIапIэм гъэ блэкIам къехъулIахэр.**

ГУЛЪЫТЭ нэхъ зыхуащIа лъэныкъуэхэм язщ статистикэмкIэ къэралым и планым ипкъ иткIэ, цIыхухэм ятеухуауэ зыщыгъуэзапхъэхэр иригъэкъунымрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ.

ЗэIущIахэм жэрдэм къыхалъхьащ зыщыгъуазэ псори къызэрапщытэ зы Iэмал зэрагъэпэщыну, Къэрал статистикэмрэ Росстатымрэ 2030 гъэ пщIондэ зэфIагъэкIыну ягъэува стратегиер зэрызэфIэхыпхъэ щIыкIэхэми я гугъу ящIащ.

Iэмэпсымэхэр жэуапыр зэ щIэупщIэгъуэм къуату зэтеухуэныр япэ ирагъэщ къалэнхэм язщ. КъинэмыщIауэ, мыхьэнэ нэхъ зиIэ бжыгъэхэр тыншу къэнэIуэн папщIэ, зыщыгъуэзапхъэхэр нэгъэсауэ зэхуахьэсыныр, хьэрычэт мащIэм и къэпщытэкIэр нэхъ псынщIэ щIыныр.

Статистикэ Iэмалхэр ирагъэфIакIуэмэ, IэщIагъэлIхэм я къалэныр нэхъ мащIэ хъунущ, зэхэгъэкIыпхъэхэр нэхъ псынщIэу зэхэкIыу, абы текIуадэ зэманри нэхъ мащIэу.

# Нобэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

## Гугъэм гур игъэжейркъым

**Илъэс 30-м щIигъуауэ (1995 гъэ лъандэрэ) гъатхэпэм и 28-р ди республикэм щыдогъэлъапIэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэу. Захуагъэр тепщэ щыхъужа а махуэшхуэр гъэувыным лъабжьэ хуэхъуащ 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIауэ щыта Унафэр. Абы ипкъ иткIэ къащтащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкIыным и IуэхукIэ» республикэ хабзэр. Апхуэдэу зэфIагъэувэжауэ щытащ балъкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр.**

ТХЫДЭМ и напэкIуэцIхэм хыболъэгъуэж мы махуэхэм балъкъэрхэм ядэтIэт гуфIэгъуэм ипэ ита Iуэхугъуэ хьэлъэр. Хэку зауэшхуэр иджыри екIуэкIыу, 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м, балъкъэрхэр я щIыналъэм залымыгъэкIэ ирашауэ щытащ. Ахэр Курыт Азиемрэ Къэзахъстанымрэ я щIыпIи 120-м хагуэшат. Абыи къыщымынэу, къэрал унафэ хэхакIэ абыхэм я къэралыгъуэр щымыIэжу къалъытат. Зэман дэкIри, захуагъэр тепщэ хъужащ, апхуэдэу щытми, а лъэпкъым щыщхэм ноби ящыгъупщэркъым а илъэс 13-м къриубыдэу яшэча щыщIэныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм ди къэралым и пашэу щыта Хрушёв Никитэ и фIыгъэкIэ щIадзащ зи лъахэм залымыгъэкIэ ираша лъэпкъхэр хей щIыжыным и Iуэхум. Дауи, хэкум къагъэзэжыну хуит ящIа лъэпкъ псор къэбгъэIэпхъуэжыныр Iуэху тынштэкъым: балъкъэрхэр ипэкIэ зыдэса къуажэхэм я нэхъыбэр зэхэкъутати, псэупIэхэр яхурикъуртэкъым. Къэрал унафэщIхэр Iуэхум зэрегугъум нэмыщI, мыхьэнэшхуэ иIэт балъкъэрхэр къызыхыхьэж лъэпкъхэр абыхэм къазэрыIущIэну щIыкIэми. И гъунэгъу мэжалIэмэ, абы и гуэныхьыр езым къиихьу къэзылъытэу ноби псэу адыгэхэр гуапэу яIущIэжащ я къуэш балъкъэрхэм. Лей зытехьахэм ахэр ядэгуэшащ псэупIэкIи, ерыскъыкIи, щыгъынкIи, нэгъуэщI зыхуэныкъуэхэмкIи. Адыгэхэри республикэм ис адрей лъэпкъхэри балъкъэрхэм зэрадэIэпыкъуам и фIыщIэкIэ псынщIэу зэфIэкIащ цIыхухэр къегъэблэгъэжыным, лэжьапIэ гъэувыным ехьэлIа Iуэхухэр.

1957 гъэм РСФСР-м и Министрхэм я Советым къищта унафэм ипкъ иткIэ, дэтхэнэ унагъуэми кредиту иратащ псэупIэ ираухуэну сом мин пщIырыпщI, унэхэр зэгъэпэщыжыным трагъэкIуэдэну сом мини 3, Iэщ къращэхуну сом мин 1,5-рэ. ИужькIэ а щIыхуэ псори хуагъэгъуащ. ИлъэситIым къриубыдэу унэщIэ мини 7-м щIигъу яухуащ, унагъуэ миным нэблагъэм къэрал фэтэрхэр иратащ. Апхуэдэу щIидзащ балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм.

Унафэр къыдэкIыу балъкъэрхэм къэIэпхъуэжын зэрыщIадзэрэ илъэситI нэхъ дэмыкIыу, 1959 гъэм ирихьэлIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» цIэр зыгъуэтыжакIэ ди щIыналъэм къэрал къулыкъушхуэхэм пэрыткIэт а лъэпкъым щыщу цIыхуи 100-м нэблагъэ. Курыт IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрахьэрт 500-м щIигъум. Гулъытэшхуэ хуащIырт щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным. Куэд хыхьащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Кабардинка» ансамблым, къэрал филармонием. Лъэпкъым и щэнхабзэ къарур зэрыгъуэтыжа нэужь, къызэрагъэпэщауэ щытащ «Балкария» къэрал къэфакIуэ ансамблыр. СССР-м, КъБАССР-м я тхылъ тедзапIэхэм къыщыдэкIащ балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим, тхакIуэ цIэрыIуэхэу Кулиев Къайсын, Шахмурзаев Сэхьид, Гуртуев Берт, Отаров Керим сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр.

Iуэхур хуабжьу ирагъэфIэкIуащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым, 90 гъэхэм я пэщIэдзэм Балъкъэр лъэпкъыр хей щIыжыным теухуауэ къэралым къыщыдагъэкIа унафэхэм. 1991 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ «Лей зытехьа лъэпкъхэр хей щIыжыным и IуэхукIэ» хабзэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я жэрдэмкIэ Урысей Федерацэм къыщащтащ балъкъэрхэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ зыбжанэ. Лъэпкъыр зэрырагъэкIрэ илъэс 50 зэрырикъум тещIыхьауэ иужькIэ къащта унафэхэм пащащ балъкъэр лъэпкъыр хей щIыжыным и Iуэхум.

1995 гъэм балъкъэрхэм ирагъэкIуэкIа референдумым ипкъ иткIэ, Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж районхэр зэфIагъэувэжащ. Налшык и Долинск щIыпIэм щаухуащ залымыгъэм и лей зытехьахэм я архитектурэ мемориал гъуэзэджэ. Абы хэтщ лъэпкъым и усыгъэм и вагъуэ Кязим и кхъащхьэр икIи ар балъкъэрхэм я бэшэчыгъэм, лIыгъэм, быдагъэм я фэеплъ хъуащ.

Нобэ лъэпкъыр зыужьыныгъэм и гъуэгум ирокIуэ. Балъкъэрыбзэр мы зэманым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ я гъусэу къэралыбзэщ. АбыкIэ утыку щохьэ телевиденэкIи радиокIи, газетхэр, журналхэр, зэреджэ тхылъхэр, псалъалъэхэр традзэ, балъкъэр тхакIуэхэм я тхыгъэхэр къыдагъэкI. Хей зэращIыжрэ блэкIа илъэсхэм балъкъэрхэм къахэкIащ еджагъэшхуэ, литератор, артист, спортсмен, политикэ лэжьакIуэ, лъэпкъым и щIыхьыр къэзыIэтыжа цIыху гуащIафIэ щэ бжыгъэхэр.

Ди лъахэгъу балъкъэрхэр нобэ япэкIэ мэкIуатэ 1944 - 1957 гъэхэм, гугъуехьрэ гуауэкIэ гъэнщIа илъэс 13-м, ягъэва бэлыхьхэр ящымыгъупщэу, фIэщхъуныгъэ ин яхэлъу къэкIуэнум хуэплъэу. Республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми хуэдэу, илъэс 69-рэ ипэкIэ зи хэку зыгъуэтыжа а лъэпкъым щыщхэм я къару псори ирахьэлIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зиужьыным, абы мамырыгъэрэ захуагъэрэ, зэгурыIуэныгъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ илъыным.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ режиссёр, сценарист, продюсер, актёр Толгуров Саид трилогие трех ди щIыналъэм, абы щыпсэухэм ятеухуауэ. Япэр - «В горах. Она» зыфIищар - балъкъэрыбзэкIэщ зэрытрихар икIи ягу ирихьауэ жыпIэ хъунущ, абы еплъахэм къазэрыщыхъуам тепщIыхьмэ. ЕтIуанэр - «В горах. Он» - адыгэбзэкIэ триха фильмыр - Ханты-Мансийск щекIуэкIа «Дух огня» XXIV дунейпсо кинофестивалым щагъэлъэгъуащ.**

ЖЮРИР зэплъа фильм 83-м ящыщу нэхъыфIу къалъыта 6-м язщ Толгуров Саид и лэжьыгъэр. Ди хэкуэгъу режиссёрым «Серебряная роза» саугъэт щхьэхуэри къратащ, макъамэ дахэ зэрыщIэлъыр къыхагъэщу. Фильмым и макъамэр зейр музыкант, композитор, цIыхубэ уэрэдхэри езым итхыжахэри зыгъэзащIэ Мэршэнкъул Астемырщ.

Зэхыхьэм нэхъыфIу къыщалъыта лэжьыгъэхэм ящыщщ Мамыкин Антон и «Космос засыпает» фильмыр. КъищынэмыщIауэ, саугъэт нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ Испанием щытраха, Лопес Гарсиа Либетард Эвэ и «Глухая» фильмым.

- Фестивалым зэфIэкI зиIэ цIыху куэд къыщысцIыхуащ, купщIэ зиIэ фильмхэм сыщеплъащ. Гуапэ тщыхъуащ ди фильмым куэд къызэрыщытхъуари, - жиIащ Саид. - «Серебряная роза» статуэткэр щхьэхуэу Мэршэнкъул Астемыр хуэфащэ дыдэщ.

Фильмыр зытеухуам и гугъу пщIымэ, абы хэт лIыхъужьхэу Альбертрэ Елдаррэ музыкантщ, IуэрыIуатэм и пшыналъэхэр хъумэнырщ зытелажьэр. Абыхэм къалэн къыщащIащ къуршым пэгъунэгъу къуажэм кIуэуэ, пасэрей зы адыгэ уэрэдыжь зыщIэ дадэм зыхуагъэзэну. Жылэм щынэсым, абыхэм къыжраIэ лIыжьым и иужьрей махуэхэр щигъэкIуэну бгым зэрыдэкIар. Аращ фильмым щIэдзапIэ хуэхъуар.

Режиссёр щIалэхэр я зэфIэкI щеплъыжынымкIэ IэмалыфIу къалъытэ «Дух огня» фестивалыр, 2002 гъэм Соловьев Сергей къызэригъэпэщар. 2023 гъэм щыщIэдзауэ абы и унафэщIщ югослав кинорежиссёр цIэрыIуэ Кустурицэ Эмир. Илъэс къэс фестивалым къыхыхьэр нэхъыбэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, мы гъэм зэхыхьэм и къэпщытакIуэ гупхэм япэу хэтащ Китайм щыщ сценарист Вэй Лу, Камеруным къикIащ актрисэ, режиссёр Дамарис Ндамо, Испанием - кинокритик, продюсер Мартин Ногерэ Кристиан Хайме, Сербием - режиссёр Радованович Горан. Урысейм и лIыкIуэу жюрим хэтащ режиссёр Прошкин Андрей, актёрхэу Ярмольник Леонидрэ Урсуляк Александрэрэ, музыкант Маргулис Евгений, оператор Соловьёвэ Марие.

Толгуров Саид къиухащ Краснодар щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и къэрал университетым телерадиовещанэмкIэ и факультетымрэ Москва киномкIэ и школымрэ. Абы триха «В горах. Она» фильмыр щагъэлъэгъуащ Великий Новгород щекIуэкIа «Новое движение» урысейпсо фестивалым. Ар теухуащ цIыхур дэнэ щIыпIэ къыщыхутэми, къызыхэкIам, щалъхуа щIыналъэм зэрыхуеIэжым. Саид и фильмхэм лъабжьэ яхуэхъуащ махуэ къэс гъащIэм и нэгу щыщIэкI Iуэхугъуэхэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр, хьэл-щэнхэр, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм

# ЯфIэщIэщыгъуэу, яфIэгъэщIэгъуэну




къадекIуэкI хабзэхэр, щэнхабзэр. КъинэмыщIауэ, абы и лэжьыгъэхэм гушыIэ дахи хиухуэнащ. Ар щIохъуэпс нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр къаригъэцIыхуну, щIыналъэм и щIыуэпсым и дахагъэр, ди цIыхухэр хьэщIагъэкIэ зэрыфIыр яригъэщIэну, нэхъыбэ ди республикэм къришэлIэн папщIэ.

Режиссёрыр и сабиигъуэм дихьэхат фэнтези жанрым щыщ фильмхэм. Езыри щIэхъуэпс хъуат фильм трихыну. ЯпэщIыкIэ ар Гуащэ театрым и актёру лэжьащ. ЩIыналъэ телевиденэм оператору щыкIуам, камерэр къызэрищтэу, пасэу дэзыхьэха кином хуэкIуэжащ. Абы и мурадщ къыщалъхуа щIыналъэм адэкIи фильмхэр щытрихыну, абы щыпсэухэм я анэдэлъхубзэмкIэ лIыхъужьхэр къигъэпсалъэу. АбыкIэ гу лърегъатэ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ хэкум исхэм зэраIэщIэхум, анэдэлъхубзэхэр хъумэн зэрыхуейм. Иджыпсту зи ужь ит ещанэ фильмыр зытеухуар зэкIэ щэхущ. Саид щапхъэу къелъытэ иран кинематограф, режиссёр Киаростами Аббасрэ Корее Ипщэм и режиссёр Хонг Сан-сурэ я лэжьыгъэхэр. Толгуровым режиссёр щIалэхэр къыхуреджэ мышынэу утыкушхуэхэм, фестивалхэм я зэфIэкI щеплъыжыну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## Фэеплъым зыIэпешэ



**Шэрэдж щIыналъэм балъкъэр мэкъумэшыщIэхэм 1913 гъэм зэрызыкъыщаIэтам и фэеплъыр зэIузэпэщ щащIынущ районым. Ар ягъэувауэ щытащ 1983 гъэм икIи, тхыдэ мыхьэнэ зэриIэм къыхэкIыу, ди республикэм къакIуэ туристхэм абы и хъыбарым яфIэгъэщIэгъуэну зыщагъэгъуазэ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкIынущ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ. Фэеплъыр здэщыт щIыпIэм метр зэбгъузэнатIэ 270-рэ еубыд. Абы и кум абрэмывэжь итщ, мывэ пIащIэхэр хъурейуэ къыщегъэтIысэкIауэ.

ЩIыпIэм щекIуэкIыну лэжьыгъэхэм хыхьэу мывэхэр быдэу ирагъэубыдыжынущ, екIуэлIапIэм деж машинэ гъэувыпIэ щыхуащIынущ, уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, тетIысхьэпIэхэр, къэухьхэр щагъэувынущ, къэкIыгъэхэр щыхасэнущ.

Лэжьыгъэхэр мы гъэм мэлыжьыхьым ирагъэжьэнущ.

## Чыщбалъкъ и гъуэгухэр

**Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэ Чыщбалъкъ къуажэм кIуэцIрыкI Малкэ - Ингушли автомобиль гъуэгур къызыхуэтыншу зэрагъэпэщыж мы махуэхэм. Абы хиубыдащ Чкаловым и цIэр зезыхьэ, псори зэхэту километри 3,9-рэ зи кIыхьагъ уэрамри.**

«ГЪАЩIЭМ хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу гъуэгубгъур нобэ кърагъэбыдэкI, лъэс лъагъуэхэм я лъабжьэр ягъэбыдэ, иджырей уэздыгъэхэр зыпадзэну пкъохэр щагъэувакIэщ.

Малкэ - Ингушли автомобиль гъуэгур Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ зэрагъэпэщыж. 2019 гъэм лэжьыгъэхэр щрагъэжьащ Каменномост къуажэм деж. Абы зыхуей щыхуагъэзащ километри 4-м щIигъу зи кIыхьагъ гъуэгур. 2020 гъэм лэжьакIуэхэр пэрыхьащ Сэрмакъ къуажэм дэкI, километри 7,3-рэ зи кIыхьагъ гъуэгум. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэр 2025 гъэм Малкэ къуажэм щызэфIагъэкIащ. Мыбдежым зыхуей щыхуагъэзащ километри 8-м щIигъу зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур.

ПлъапIэр, 2028 гъэм ирихьэлIэу Кисловодск - Джылы-Су - Нарзаныпсхэм я ауз автомобиль гъуэгур щыIэ мардэм хуэгъэкIуэнырщ. Псори зэхэту абы километр 24-рэ и кIыхьагъщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**





**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр гъатхэпэм и 26-м Налшык щызэхэтащ. Абы зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъэралкIуэцI политикэмкIэ управленэм и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, апхуэдэуи зэхуэсым кърагъэблэгъащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ Иуан Петр, ЩIДАА-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Махуэ Владимир, КъБР-м и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ, депутат Бжьахъуэ Ранетэ, лъэпкъылI щэджащэхэу Хъурей Феликс, ХьэIупэ ДжэбрэIил сымэ, нэгъуэщIхэри.**

# ГъащIэм къигъэув къалэнхэр





ДАХ-м хэт хасэ къудамэхэу КъШР-м, АР-м, Ставрополь крайм щыIэхэм я тхьэмадэхэр щызэхуэсащ зэIущIэм, апхуэдэуи видеозэпыщIэныгъэкIэ Iуэхум хэлэжьыхьащ КАФФЕД-м и лIыкIуэхэу **Лъэпщыкъуэ Онер**, **Умар Бекир**, Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэ **Вэрокъуэ Затий** сымэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Япэу псалъэ зрата Къуэдзокъуэ Мухьэмэд КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм икIи жиIащ лъэпкъ Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр, я мурадхэмрэ къащтэну унафэхэмрэ екIуу гъащIэм хапщэну зэрыщыгугъыр.

Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ 2026 гъэм и япэ мазищым ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм зэфIагъэкIхэм.

Къапщтэмэ, ДАХ-р республикэм, къэралым щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэм жыджэру хэтщ, ди лъэпкъыр зэрефIэкIуэн, ди хэкум зэрызиужьын зы къалэни Iэпэдэгъэлэл имыщIу. Видео теплъэгъуэхэмкIэ щIигъэбыдэжу Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ жылагъуэр зыгъэпIейтейхэмрэ зыщыгуфIыкIхэмрэ ятеухуа Iуэхугъуэхэм иращIэкI дауэдапщэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм я пшыхьхэм, нэгъуэщI зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэм Хасэм и къудамэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ зэрыхэтыр, тхьэмадэр зэрырагъэблагъэр, зыхуэфащэхэм гулъытэ зэрыхуащIыр. Апхуэдэуи Сэхъурокъуэр зи унафэщI «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэ» дунейпсо IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ ДАХ-мрэ ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху дэкIыным зэгъусэу зэрытелажьэм и гугъу ищIащ.

ДАХ-р зиужь ит Iуэхухэм щытепсэлъыхьым Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэрыщIидзар 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ди къэралым зэрыщагъэуварщ, ар ДАХ-м и хасэ къудамэ псоми я лэжьыгъэм къыхалъытэн, абы теухуа Iуэхухэр ягъэбелджылыуэ мы гъэр икIыху зэфIахын зэрыхуейрщ.

- УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэхэми дыщытепсэлъыхьащ мы унафэр къыщащтэнум. Мыр ауэ сытми къыхалъхьа гуэркъым, атIэ егупсысауэ, зэпэшэчауэ, ди къэралым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ 200-м щIигъу зэрисыр къэлъытауэ, Украинэм щекIуэкI Iуэхум лъабжьэ хуэхъуа лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэм кърикIуам теухуауэ къащта унафэщ. Абы и купщIэр зыщIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи дыдоIыгъ ди къэралым и Президентым къищта унафэр икIи щIыналъэ псоми щагъэзащIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а Iуэхур екIурэ-ещхьу ди лъахэм щекIуэкIа хъун папщIэ КъызэгъэпэщакIуэ комитет зэхишащ, сэри абы сыхэтщ икIи зэIущIэм сыкъыщыпсэлъащ. Хасэм и Iуэхур дигъэкIыным и гъусэу, сытым дежи зэлэжь Iуэхугъуэхэм ящыщщ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ сэбэп хъуныр. Сыхуейщ дэтхэнэ зы хасэ къудамэми мы гъэм а Iуэхум гулъытэ лей хуэфщIу, фи республикэхэм, крайхэм щекIуэкI Iуэхухэм жыджэру фыхэтыну, фхузэфIэкI хэфлъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, илъэсым и пэщIэдзэм щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэIуахащ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и илъэсыр. УФ-м и Президент Путин Владимир и гупсысэхэр, еплъыкIэхэр, IуэхущIафэхэр дэзыIыгъ щIалэгъуалэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэхуэсхэм дэри дыщыIащ, дыкъыщыпсэлъащ. ЩIалэгъуалэм я унэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Музыкэ къэрал театрым ди республикэм ис лъэпкъхэр зылI и быну зэкъуэту, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэрыщыпсэур къыхэщу гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIащ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Апхуэдэу тхьэмадэр къытеувыIащ КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэр къызэрызэIуахрэ илъэси 105-рэ зэрырикъум теухуауэ екIуэкIахэм зэрыхэтам, библиотекэм и унафэщI, МИД-м и ветеран Емуз Анатолэ Дипломатием и махуэм ирихьэлIэу зэрагъэлъэпIам, Адыгэ Республикэм щызэхэт Адыгэ Хасэм и XXII съездым зэрыхэтам, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэрыдэлажьэм, дзэ Iуэху хэхам щыIэ, хэкIуэда щIалэхэм я унагъуэхэм зэрадэIэпыкъум, нэгъуэщIхэми.

Гулъытэ хэха зыхуищIахэм ящыщщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу мы гъэм еянэу иригъэкIуэкIа адыгэ Iуэрытхым цIыхубэр жыджэру зэрыхэтар. «Гъэ къэси хуэдэу диктантыр жыджэру щатхащ Мейкъуапэ, Черкесск, Ставрополь, Мэздэгу, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщI къалэхэми, апхуэдэуи хамэ къэрал щыIэ хасэхэми зи лъэпкъыбзэм гууз-лыуз хузиIэхэр щызэхуэсащ. Дэ, хабзэ зэрытхуэхъуауэ, дгъэлъэпIэнущ диктантыр къызэгъэпэщынымкIэ сэбэп къытхуэхъуахэмрэ ар фIыуэ зыттхахэмрэ», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Хьэутий къиIлъытащ дяпэкIэ мы Iуэхум щIэщыгъуагъ гуэр хэлъхьэн зэрыхуейр, цIыхухэм яIэщIэмыужагъуэу, нэхъ къыдихьэхыу зэрегъэкIуэкIыпхъэр.

ДАХ-м хэтхэми, цIыхубэми, унафэщIхэми я нэIэ щIэтщ дзэ Iуэху хэхамрэ абы щыIэ ди щIалэхэмрэ. Абы щытепсэлъыхьым, Хьэутий жиIащ а Iуэхум ДАХ-м и къудамэу дэнэ щIыпIэ щылажьэри иужь зэритыр. ИкIи Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэхум и щхьэусыгъуэмрэ абы ди къэралым, цIыхубэм я дежкIэ и мыхьэнэмрэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр щагъэгъуэзэну хасэ тхьэмадэхэр къыхуриджащ. ДАХ-р а Iуэхум зэрыхэлIыфIыхьыр тхьэмадэм жиIа нэужь, псалъэ яритащ Къэбэрдей, Шэрджэс, Адыгей, Ставрополь хасэ къудамэхэм я тхьэмадэхэм. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** жиIащ нобэ къэралым и щIыхьыр зыхъумэ дзэлI мин бжыгъэхэм адыгэхэри лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зэрахэтыр, адыгэ щIалэу щым «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къызэрыфIащар, иджыри зы щIалэм ар хуэфащэу къалъытэу и дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырар игъэбелджылащ.

**ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан** (АР), **Аслъэн Алий** (КъШР) сымэ тепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхар къызэрежьэрэ я республикэхэм икIа щIалэхэм зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ зэрызыщIагъэакъуэм, нэхъапэм щыгъын, шхын хуэдэхэр хурагъашэу щытамэ, иджы абыхэмкIэ щыщIэныгъэ зэрамыIэжыр, иджыптсу техникэ, зауэ Iэмэпсымэ гуэрхэр къэщэхуным я Iуэхур нэхъ зэрытеухуар.

«Хэкум и хъугъуэфIыгъуэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Дзэмыхь Къасболэт** жиIащ Хэку зауэшхуэм и зэманым апхуэдэ дыдэу фронтым Iутхэм цIыхубэм зыщIагъакъуэу зэрыщытар. Иджыри ди къэралым и хуитыныгъэр, шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэм ядэIэпыкъун зэрыхуейр къыхигъэщащ абы икIи жиIащ КъБР-м и депутатхэм дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм я унагъуэхэм я нэIэ зэрытетыр, абыхэм зэрадэIэпыкъур, къищынэмыщIауэ парламентархэм илъэсым къриубыдэу зыбжанэрэ ахъшэ зэхуахьэсурэ зауэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэ гуэрхэр зэрыхурагъашэр.

Европэм щыIэ хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Вэрокъуэ Затий** зи гугъу ищIар Германием щыIэну адыгэ зэхуэсышхуэмрэ абы къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэмрэщ. МэлыжьыхьымIи пэщIэдзэм махуиплIкIэ екIуэкIыну зэхыхьэм лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм, зэгурыIуэныгъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьынущ.

ДАХ-м и нэIэ щIэту хамэ къэралхэм щыIэ хасэхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэм тепсэлъыхьащ **Лъэпщыкъуэ Онеррэ Умар Бекиррэ**.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 162-рэ щрикъум ирихьэлIэу екIуэкIыну Iуэхугъуэхэм IупщIу къытеувыIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Къызэхуэсахэм жаIащ мы Iуэхум егъэлеиныгъэ, псалъэмакъ хэлъ зэрымыхъунур, властымрэ жылагъуэмрэ зэгурыIуэу ящI унафэм щIалэгъуалэр тетын зэрыхуейр.

Хэкуми хамэ къэралхэми бзэр хъума щыхъунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI ДАХ-м и комитетым. **Щоджэн Iэминатрэ Табыщ Муратрэ** онлайн-еджэныгъэхэм, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм зэрадэлажьэ программэхэм, абыхэм ящыщу Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэнухэм я Iуэхур къызэгъэпэща зэрыхъум убгъуауэ тепсэлъыхьащ.

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр зыгъэбыдэ зы Iуэхугъуэщ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу хамэщI щыпсэу адыгэ сабийхэр хэкум къызэрашэр. Мы гъэми ар зэрагъэзэщIэну дэфтэрхэр зэрыхьэзырыр, хамэ къэралхэм къикIынухэм я тхылъхэм зэрыхэплъэр къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлI **Дзасэжь Анзор**.

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр щызэхуэса махуэм ягъэлъэпIащ Дунейпсо адыгэ Iуэрытхыр къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным хэтахэмрэ ар «фIы дыдэу» зытха щIалэгъуалэмрэ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я щIыхь тхылъхэр, удз гъэгъахэр иратащ икIи псалъэ дахэхэмкIэ къыхэжанык Iахэм ехъуэхъуащ нэхъыжьыфIхэу Хъурей Феликс, Иуан Петр, ХьэIупэ ДжэбрэIил, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ.

ГъэфIэж махуэ дахэр нэхъри ягъэщIэрэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу Гуазэ Тимур, Хьэкъул Оксанэ, Жыгун Эдуард, Тхьэзэплъ Залинэ сымэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Мэрем, мэлыжьыхьым и 3

**1**

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 «Человек и закон» (16+)
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
21.45 «Голос». Новый сезон (12+)
23.30 Х/ф «ЛУЧШАЯ ЖИЗНЬ» (18+)
01.45 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
17.00 Прямой эфир (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 «Удивительные люди. Новый сезон» (12+)
00.10 «Истории Большой Страны» (12+)
01.10 Х/ф «ЗДРАВСТВУЙ, СЕСТРА» (16+)

**НТВ**

04.30, 09.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
08.25 Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.50 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (12+)
20.00 Т/с «ЧЕРНОЕ СОЛНЦЕ» (16+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.10 «Квартирный вопрос» (0+)
03.00 Х/ф «ХОЗЯИН» (16+)

**ЗВЕЗДА**

05.05 Т/с «КРАПОВЫЙ БЕРЕТ» (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 19.00 Новости дня (16+)
09.20 «Ищу своих» (12+)
10.10 «Жить после» (16+)
10.45 «По горячим следам» (16+)
11.00 «Тайны военной разведки». «Омега». Водитель и резидент» (16+)
11.55, 13.25 Х/ф «ПРИКАЗ. ОГОНЬ НЕ ОТКРЫВАТЬ» (16+)
14.25, 15.05 Х/ф «ПРИКАЗ. ПЕРЕЙТИ ГРАНИЦУ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.40, 17.15 Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
19.40 «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Климатическое оружие. Реальность или вымысел» (12+)
20.30 Д/с «Война миров» (16+)
21.20 «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
22.00 «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
23.30 «Музыка+» (12+)
00.55 Х/ф «МЕДОВЫЙ МЕСЯЦ» (16+)
02.25 Х/ф «КРЕПОСТНАЯ АКТРИСА» (16+)
04.05 Х/ф «ПОДКИДЫШ» (16+)

**РОССИЯ К**

06.30 Диалоги о животных
07.20 Д/с «Отцы и дети»
07.50 Д/ф «Аббатство Клюни. Второй Рим»
08.45 Х/ф «ПРЕДЕЛ ВОЗМОЖНОГО» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.40 Новости культуры
10.15 Шедевры старого кино
11.50 «Острова»
12.45 Открытая книга
13.15 Д/с «Первые в мире»
13.30 Х/ф «ТАЙНА ЭДВИНА ДРУДА» (16+)
15.10 Д/с «Запечатленное время»
15.40 Больше чем любовь
16.30 Письма из провинции
17.15 Х/ф «АЛЕКО» (16+)
18.15 Семидесятые
18.35 Царская ложа
19.45 Д/ф «Роман в камне»
20.15 Линия жизни
21.10 Х/ф «СТАРОМОДНАЯ КОМЕДИЯ» (16+)
22.45 «2 Верник 2»
23.55 Х/ф «АДУЯ И ЕЕ ТОВАРКИ» (16+)
02.00 Д/ф «Рахманинов. Возвращение в Ивановку»

**МАТЧ!**

06.00 «Культовые» (12+)
06.30 «Вид сверху» (12+)
07.00, 09.00 Новости
07.05, 11.50, 01.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 Небесная грация (6+)
09.25 «Эволюция спорта» (12+)
10.00 Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Мурманска
12.30 Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Мурманска
14.25 Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Спринт. Прямая трансляция из Кировска
16.45 Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
19.15 Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
21.55 Футбол. «Райо Вальекано» - «Эльче». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
00.00 Евротур (12+)
02.00 Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Спринт. Трансляция из Кировска (6+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Баскетбол. ЦСКА - «Енисей» (Красноярск). Единая лига ВТБ (6+)

## Щэбэт, мэлыжьыхьым и 4

**1**

06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 «Умницы и умники» (12+)
09.45 «Слово пастыря» (0+)
10.00, 12.00 Новости
10.15 Д/ф «Счастье у обрыва». К 55-летию со дня рождения Анастасии Заворотнюк (12+)
11.10 «Вспомнить все» (12+)
12.15 «Рокот космодрома» (12+)
13.10 «Слово не воробей» (12+)
14.10 «30 лет вместе». «Игры, в которые играют люди» (12+)
15.35 «30 лет вместе». «Больше чем спорт» (12+)
17.00 Русский вызов. Турнир сильнейших фигуристов. Битва поколений в уникальном соревновании за звание лучших на льду. Прямой эфир
18.00 Вечерние новости
18.20 Русский вызов. Турнир сильнейших фигуристов. Битва поколений в уникальном соревновании за звание лучших на льду. Прямой эфир
21.00 «Время»
21.35 Что? Где? Когда? (16+)
22.45 «Командны» (16+)
23.50 Д/ф «Нам Джун Пайк. Луна - первый телевизор» (18+)
01.45 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

05.00 Утро России. Суббота
08.00 Местное время. Суббота
08.35 «По секрету всему свету»
09.00 «Формула еды» (12+)
09.25 «Пятеро на одного»
10.10 Сто к одному
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «Наши. Военкоры» (12+)
12.00 «Доктор Мясников» (12+)
13.00 Большие перемены
14.30 Большой юмористический концерт к 70-летию Ефима Шифрина (16+)
17.50 «Привет, Андрей!» (12+)
20.50 Вести. Местное время
21.00 Х/ф «СУДЬБА ПОВСЮДУ ВСТРЕТИТСЯ» (16+)
00.40 Х/ф «СВЕТЛАНА» (16+)

**НТВ**

04.40 Х/ф «УБЕЙ МЕНЯ! НУ, ПОЖАЛУЙСТА» (16+)
06.20 «Жди меня» (12+)
07.20 «Смотр» (0+)
08.00, 10.00, 16.00 «Сегодня»
08.20 «Неограниченные возможности» (16+)
09.20 «Едим дома»
10.20 «Главная дорога» (16+)
11.00 «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
12.00 «Квартирный вопрос» (0+)
13.00 «Сатья» (16+)
14.00 «Поедем, поедим!» (16+)
15.00 «Своя игра» (0+)
16.20 ЧП. Расследование (16+)
17.00 «Следствие вели...» (16+)
19.00 «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
20.20 «Ты не поверишь!» (16+)
21.20 «Секрет на миллион» (16+)
23.50 Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
01.35 ЧП. Расследование (16+)
02.10 «Дачный ответ» (0+)

**ЗВЕЗДА**

05.15 Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)
07.05 Х/ф «ПРОЕКТ «АЛЬФА» (16+)
09.00, 13.00, 19.00 Новости дня (16+)
09.15 «Второе мнение» (12+)
09.45 «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
10.35 «Не факт!» (12+)
11.05 «Легенды музыки» (12+)
11.35 «Легенды кино» (12+)
12.25, 13.20 Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
14.45 Х/ф «СЛУЧАЙ В КВАДРАТЕ 36-80» (16+)
16.20, 19.25 Т/с «ОБРАТНОЙ ДОРОГИ НЕТ» (16+)
21.15 «Галерея Звезд». Владимир Масаченко (12+)
22.55 Х/ф «ДВОЙНОЙ КАПКАН» (16+)
01.40 Х/ф «СЛУЧАЙ В КВАДРАТЕ 36-80» (16+)
02.50 Х/ф «МЕДОВЫЙ МЕСЯЦ» (16+)

**РОССИЯ К**

06.30 Библейский сюжет
07.05 М/ф «Мультфильмы»
08.30 Х/ф «СТАРОМОДНАЯ КОМЕДИЯ» (16+)
10.00 Мы - грамотеи!
10.45 Д/ф «Об Анне Ярославне через тысячу лет»
11.35 Х/ф «ИЩУ ЧЕЛОВЕКА» (16+)
13.10 Война Элины Быстрицкой
13.30 Д/с «Земля людей»
13.55 Черные дыры. Белые пятна
14.40 Д/с «Коллекция»
15.10 Д/с «Заповедное»
15.55 Рассказы из русской истории
16.50 Энигма
17.30 Х/ф «БОЛЬШОЕ КОСМИЧЕСКОЕ ПУТЕШЕСТВИЕ» (16+)
18.35 Линия жизни
19.30 Новости культуры
19.50 Х/ф «А ТЕПЕРЬ, ДАМЫ И ГОСПОДА...» (16+)
22.00 Агора
23.00 Игорь Бутман и Московский джазовый оркестр
00.30 Х/ф «МАЛЕНЬКОЕ ОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
01.45 Д/с «Заповедное»

**МАТЧ!**

06.00 Смешанные единоборства. И. Прохазка - А. Ракич. UFC. Трансляция из США (16+)
07.00, 09.00 Новости
07.05, 16.25, 19.15, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 М/с «Команда МАТЧ» (0+)
09.25 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
10.00 Матч! Парад (6+)
10.30 Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Командный спринт. Женщины. Прямая трансляция из Мурманска
12.30 Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Командный спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Мурманска
14.25 Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Уралмаш» (Екатеринбург). Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
17.05 Футбол. «Мальорка» - «Реал» (Мадрид). Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм**

# Iэщlагъи курыт щIэныгъи

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым щекIуэкIащ республикэм и Жылагъуэ палатэм и еханэ пленар зэхуэсышхуэ.**

ПСАЛЪЭМАКЪЫР нэхъыбэу зытеухуауэ щытар «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, IэщIагъи курыт щIэныгъи щрат еджапIэхэм я Iуэху зытетымрэ а унэтIыныгъэм дяпэкIи зыщиужьынымкIэ щIыналъэм щыщыIэ щытыкIэмрэт.

Зыхэплъэ Iуэхум ехьэлIауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ачмез.

- «Профтех щIэныгъэ хэха» (СПО) зыфIаща IэнатIэр лъабжьэфIщ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2030 гъэ пщIондэ и пщэ къыдалъхьа къалэн нэхъыщхьэхэр игъэзэщIэнымкIэ. Зи гугъу тщIы мы унэтIыныгъэм щагъэхьэзыр, зэрыщыту къатщтэмэ, Урысей Федерацэми ди республикэми я экономикэм зиужьыным щхьэпэфыну IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр. ЗэрытщIэщи, абыхэм хуабжьу дыхуэныкъуэщ мы зэманым.

ТехнологиещIэхэмрэ къалэн куэд зыгъэзащIэ IэмэпсымэщIэхэмрэ зэрахуэфащэу къытхуэгъэсэбэпынукъым абыхэм я лэжьэкIэ-зэпкърылъыкIэр зыхуэдэм фIыуэ щыгъуазэ цIыхухэм дащыщIэмэ. А лъэныкъуэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ колледжхэм зыщцыхуагъасэ-зыщцыхурагъаджэм иджырей экономикэм щIэупщIэ нэхъ щызиIэ унэтIыныгъэщIэхэри зэрыхагъэхьэр, - къыхигъэщащ министрым и къуэдзэм. Мокаевым зэрыжиIэмкIэ, республикэм курыт щIэныгъэм дэщIыгъуу IэщIагъи щрат еджапIэ-гъэсапIэу 20 щыдиIэщи, - 10-р зи унафэ щIэтыр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэрщ. Мыбыхэм, псори зэхэту, ныбжьыщIэ мини 10-м нэблагъэ щIэсщи, зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм ящыщу мини 5-р, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхуагъэхьэзырауэ, къахущIэгъэкIынущ.

Адрей колледжипщIым я гугъу тщIымэ, 4-р унейщ, 6-р еджапIэ нэхъыщхьэхэм я гуэдзэщ. Мыбыхэми, псори зэхэту, цIыху мини 10-м щIигъу щIэсщ. Республикэм и колледжхэр къэзыуххэм яхэтщ, къэралри республикэри зыхуэныкъуэу, IT-технологиемрэ медицинэмрэ я деж къыщыщIэдзауэ мэкъумэшымрэ ухуэныгъэмкIэ IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэри.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым IэщIагъи курыт щIэныгъи щрат еджапIэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Тау Мадинэ, Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэу Старэ Шэрэдж къуажэм дэт Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжым и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Анатолэ, «Налшык къалэ промышленность псынщIэмкIэ и колледж» жыхуаIэ еджапIэм и гуащэ ТекIуий Нинэ, мединицэмкIэ «Призвание» зи фIэщыгъэ уней колледжым и унафэщI Щоджэн Мадинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

**АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.**

# МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!






Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ еджагъэшхуэ нэхъыжь, бзэщIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБАССР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуащ Тамарэ Хьэзрэт и пхъур** дунейм зэрехыжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.



# Республикэм и хэхъуэм къыщIегъу

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр гъатхэпэм и 26-м иригъэкIуэкIащ.**

ПСОМ япэу ар ехъуэхъуащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутат, «КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэмкIэ - Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, абы къратащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэ зиIэ медалыр.

Депутатхэр зэIущIэм щыхэплъащ икIи еджэгъуитIкIэ къащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэинхэм (щэнхабзэ, тхыдэ фэеплъхэр) теухуауэ» КъБР-м и Законым и 13-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр.

Депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентымрэ Чуваш Республикэм и Къэрал Советымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэр зэрызэращIылIэнум и унафэми.

## ЗэфIагъэкIам топсэлъыхь

УРЫСЕЙ Федерацэм и сенатор - КъБР-м и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и лIыкIуэ, ФедерацэмкIэ Советым Бюджетымрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Ульбашев Мухьэрбий зэIущIэм къыщызэщIикъуэжащ 2025 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр.

2025 гъэм ФедерацэмкIэ Советым зэIущIэ 22-рэ иригъэкIуэкIащ, абыхэм Iуэхугъуэ 600-м щIигъум щыхэплъащ. Ульбашев Мухьэрбий къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым къыхилъхьэ жэрдэмхэм я бжыгъэмкIэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэр нэхъ пашэхэм зэпымыууэ зэращыщыр.

- 2025 гъэм, Хэкум и ХъумакIуэхэм я илъэсым, ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дазэрыдэIэпыкъу Iэмалхэр егъэфIэкIуэныр. Нэгъабэ хабзэ и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ къэтщтащ: дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ ятелъ ахъшэ щIыхуэр пIалъэкIэ ямыту къыхуззэтрагъэувыIэнымкIэ яIэ хуитыныгъэр 2026 гъэми пащэным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэр еджапIэ нэхъыщхьэ щыщIэтIысхьэкIэ хуитыныгъэ хэхахэр яIэным, зауэ Iуэхухэм я ветеран цIэр фIащыным хиубыдэхэр нэхъыбэ щIыным теухуауэ, - пищащ Ульбашевым.

Ар тепсэлъыхьащ Бюджетымрэ финанс IуэхухэмкIэ комитетым и лэжьыгъэм кърикIуами. Абы къыхигъэщащ республикэм 2026 гъэм и бюджетыр зыхуэдэнур щызэхагъэувэм, цIыхухэм я псэукIэмкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр япэ зэрырагъэщар: пенсэхэр тыныр, сабийхэмрэ унагъуэ хуэмыщIахэмрэ защIэгъэкъуэныр, бюджет IэнатIэ Iутхэм я улахуэм хэгъэхъуэныр, псыр, электрокъарур, хуабэр зрикIуэ бжьамийхэмрэ кIапсэхэмрэ зегъэубгъуныр, щIыналъэм зегъэужьыныр, лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэныр, нэгъуэщIхэри.

- Федеральнэ бюджетым теухуа законым къыщыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым 2026 гъэм федеральнэ трансферту сом мелард 50 мынэхъ мащIэ къыхуигъэкIуэныр. Абы къыдэкIуэуи узэрыгушхуэнщ щIыналъэм езым и хэхъуэр нэхъыбэ ищIыныр къызэрехъулIэр, - жиIащ Ульбашевым. - Фигу къэзгъэкIыжынщи, КIуэкIуэ Казбек 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуахэм ящыщщ бюджетыр нэхъыбэ щIыныр, республикэм езым и хэхъуэр 2030 гъэ пщIондэ хуэдитIрэ никъуэкIэ мынэхъ мащIэу хэгъэхъуэныр (2023 гъэм елъытауэ) къызэгъэпэщыныр. 2026 гъэм республикэм лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэным тригъэкIуадэм хигъэхъуэну иубзыхуащ, ар псори зэхэту сом мелард 14,2-рэ хъунущ. Къыхэгъэщыпхъэщ лъэпкъ Iуэхухэр КIуэкIуэ Казбек и нэIэм зэрыщIэтыр.

Ульбашев Мухьэрбий республикэм и Iэтащхьэм, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым, депутатхэм, Iэтащхьэм и Администрацэм, министерствэхэм фIыщIэ яхуищIащ пщэрылъхэр гъэзэщIэным зэгъусэу зэрелэжьым къыхэкIыу.

Егоровэ Татьянэ жиIащ дяпэкIи купщIафIэу зэдэлэжьэным пащэну зэрыщыгугъыр.

## ЩIэпхъаджагъэхэр ягъэмащIэ

КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав тепсэлъыхьащ цIыхухэм, къэралым я шынагъуэншагъэр хъумэныр 2025 гъэм къызэрызэрагъэпэщам. Къэбгъэлъагъуэмэ, министерствэм цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къыщызэригъэпэщащ цIыху куэд зэкIуэлIа Iуэхугъуэ 2500-м щIигъум.

Министрым жиIащ щIыналъэм терроризм Iуэхухэр къыщагъэщIэрэщIэжынымкIэ шынагъуэ зэрыщымыIэжыр. IэщIагъэлIхэр жэщ-махуэ ямыIэу йолэжь Интернетым хабзэм къемызэгъ хъыбархэр къизылъхьэхэр къыщIэгъэщынымрэ апхуэдэ напэкIуэцIхэр зэхуэщIынымрэ. Нэгъабэ апхуэдэу 3500-м нэблагъэ къызэтрагъэувыIащ. ЩIалэгъуалэм щIэпхъаджагъэ ялэжьыным нэхъыбэу зэрыхашэр ахъшэкIэ къызэрагъэгугъэрщ.

Крючков Вячеслав жиIащ уэрамхэм щалэжь щIэпхъаджагъэхэр процент 15-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар, щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр къызэрыщIагъэщыр зэрырагъэфIэкIуар, технологиехэр къагъэсэбэпу цIыхухэм зэран зэрахуэхъу Iуэхухэр ягъэмэщIэныр зэрахузэфIэкIар.

Министрыр къытеувыIащ наркотикхэр зэрызэIэпахым зэрыпэщIэт Iэмалхэм. Апхуэдэу наркотикхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэхэмрэ ди республикэм къизышэхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм ящыщу 35-рэ къызэпаудащ, уеблэмэ зыр Тыркум къикIыу.

Хуитыныгъэ ямыIэу Iэщэр зэращэм теухуауэ щIэпхъаджагъэу 112-рэ къызэпаудащ, фочышэ зэрылъу - 63-рэ, къауэ пкъыгъуэу - килограмм ныкъуэм щIигъу, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэу 1039-рэ къытрахащ.

Хабзэм къемызэгъыу фадэ къыщIэзыгъэкI цех 12 ягъэлажьэу къыщIагъэщащ - литр мин 40-м щIигъу къыщIашащ абыхэм. Фадэ зэращэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэ 35-рэ, административнэ хабзэр къызэрызэпауда Iуэхугъуэ 218-рэ ятхащ. Тутын зэращэм епха щIэпхъаджагъэ 20 къахутащ, тутын мини 154-м щIигъу къытрахащ.

Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэм ехьэлIа хабзэм зэребэкъуам къыхэкIыу къэралым ирагъэкIыжащ цIыху 225-рэ.

ЗэIущIэм щедэIуащ балигъ ныбжьым нэмысахэр щIэпхъаджагъэ Iуэхухэм хэмыхуэн папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэхэр гъэмэщIэнымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм.

## Ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэхуэж

ДЕПУТАТХЭР едэIуащ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2025 гъэм зэфIигъэкIам. IуэхущIапIэм и унафэщI КIасэ Динэ жиIащ 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щIыналъэм къилэжьымкIэ зыужьыныгъэ нэхъ зиIэхэм ящыщу къызэрыхигъэщхьэхукIар. Республикэр къалъытащ щIыхуэ къэщтэн-пшыныным пэлъэщу. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м къыщалэжь ахъшэр зэрызэрагъэзахуэм арэзы техъуащ УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэр.

КIасэм жиIащ 2025 гъэм республикэм зыщызыгъэпсэхуа бжыгъэм хуэдиз зэи зэрыщымыIар. Къызэщlакъуэж пIалъэм кърикIуэну, КСП-м Iуэхугъуэ 57-рэ иригъэкIуэкIащ - къэпщытэныгъэ 38-рэ эксперт-аналитикэ 19-рэ. Абыхэм къызэщIаубыдащ IуэхущIапIэу 100-м щIигъу. Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и пщэрылъкIэ ирагъэгъэзэкIуэжащ бюджет ахъшэм щыщу пэжу къамыгъэлъэгъуэнкIэ хъуну щыта сом мелуани 143,4-м щIигъу. Апхуэдэуи къагъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэр ирагъэгъэзэкIуэжа нэужь, бюджетым къыхэхъуэжащ сом мелуан 15-рэ мин 877,2-рэ.

Судым и унафэкIэ 2025 гъэм къулыкъущIэ 12 Iуэху 18-кIэ административнэ жэуапым ирашэлIащ.

## Хабзэ 244-рэ

КъБР-м и Парламентым и законодательнэ базэр 2025 гъэм зыхуэдэм и гугъу ищIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. Абы жиIащ 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыщта хабзэ 244-м къару зэраIэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, Парламентым лэжьэн зэрыщIидзэрэ щIыналъэм къыщащтащ хабзэ 2268-рэ.

«Къатщтэ хабзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хабзэкIэ хъумэнырщ зытетщIыхьыр», - къыхигъэщащ абы.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

• Театрым и дунейпсо махуэм

# Псэм зезыгъэузэщI гъуазджэ

**Театрым и махуэр япэ дыдэу ягъэлъэпIащ 1962 гъэм гъатхэпэм и 27-м - а махуэм Париж къыщызэIуахат къэрал куэдым къикIа труппэхэмрэ артистхэмрэ зэхуэзыгъэшэса, «Лъэпкъ театр» зи фIэщыгъэ фестивалышхуэр. Абдежым щегъэжьауэ ягъэнэIуа махуэр театр дунеймрэ абы зи гъащIэр епха цIыхухэмрэ я декIэ дамыгъэ лъапIэ хъуащ.**

Ди республикэр къапщтэмэ, абы театр зыбжанэ иIэщ: Музыкэ театрыр, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрыр, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрыр, Гуащэ театрыр, НыбжьыщIэхэм я театрыр (ТЮЗ). Ди гуапэ зэрыхъунщи, курыт еджапIэхэм щылажьэ театр гупжьейхэр диIэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ театрыр, нэгъуэщI школ театрхэри. Зи цIэ къисIуа IуэхущIапIэхэм я гугъу кIэщI дыдэу фхуэдгъэIуэнщ.

**КъБР-м и Музыкэ театрыр.** Бэрэгъун Руслан зи унафэщI Музыкэ театрыр 1968 гъэм щIышылэм и 27-м Коган Лев и «Iэминат» балетымкIэ къызэIуахащ. Ауэ абы ипэ къихуэу ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым и утыкум ехъулIэныгъэшхуэ яIэу щагъэлъэгъуауэ щытащ Коган Лев и «Лалуцэ», «Дахэнагъуэ», Асафьев Борис и «Бахчисарайский фонтан», Чайковский Петр и «Лебединое озеро» лэжьыгъэхэр.

Илъэс 60-м нэблагъэ гъуэгуанэм къызэщIеубыдэ цIыхубэм ирагъэлъэгъуа оперettэу, музыкэ комедиеу, мюзиклу, макъамэ псысэрэ сабий балет спектаклу куэд дыдэ. Музыкэ театрыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ макъамэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI IуэхущIапIэщ. Абы щолажьэ республикэм и уэрэджыIакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщхэр.

Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зызыузэщI Музыкэ театрым и труппэм дунейпсо макъамэ классикэм и хъугъуэфIыгъуэхэм зэрызрипщытыфын зэфIэкIышхуэ иIэщ нобэ. Иджыпсту я къарур нэхъыбэу зыхуэунэтIар сыт и лъэныкъуэкIи я лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэнырщ, къалэн нэхъыщхьэу къалъытэри IуэхущIапIэм и уэрэджыIакIуэхэм, балет труппэм, хорым, оркестрым зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэ къыхашэнырщ.

**Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрыр.** 20 - 30 гъэхэм ди щIыналъэм щрагъэжьакIуэкIа щэнхабзэ-зыужьыныгъэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щигъэзэщIащ Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ цIыкIум. Зэпымыууэ лажьэ театр къызэрызэрагъэпэщын мылъку зэрамыIэм къыхэкIыу, драмэ гупжьейхэр, студиехэр, агитбригадэхэр ягъэлажьэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, япэ драмэ кружокхэр зэхашащ 1921 - 1924 гъэхэм. 1933 гъэм театр студия, 1935 гъэм профсоюзхэм я драмэ театр къызэрагъэпэщащ. Исполкомым и президиумым и унафэ №113-м, 1936 гъэм шыщхьэуIум и 13-м къыдэкIам, ипкъ иткIэ къызэIуахащ зэпымыууэ лажьэ, иджыпсту Урыс драмэ театрыр (и унафэщIыр Николаевэ ФатIимэщ). Абы и Iупхъуэр япэу къызэIуахащ а гъэ дыдэм щэкIуэгъуэм и 1-м. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэми зэпигъэуакъым театрым и лэжьыгъэр. 1945 - 1946 гъэхэм абы утыку кърихьауэ щытащ спектаклъ 15. Нобэр къыздэсми театрым гъуазджэм дихьэххэр егъэгуфIэ и спектаклъ купщIафIэхэмкIэ.

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр.** Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ цIыкIум 1933 гъэм къыщызэIуахауэ щытащ лъэпкъ гъуазджэм и щIыналъэ студие. Абы и къалэн нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэну къэрал драмэ театрым щылэжьэнухэр гъэхьэзырынырт. АдыгэхэмящIэртэкъым театрым зищIысыр, артист, театр жыхуаIэхэми хащIыкIыжхэу щытэкъым. Студиер мащIэт яубла IуэхушхуэмкIи, зэфIэкI зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр къуажэхэм къыщыкIахри, 1935 гъэм Москва ягъэкIуащ (адыгэ, балъкъэр гупхэр), Налшык щыIэ студиеми цIыху къищтащ. Ахэр зэхагъэхьэжу Къэбэрдей колхозсовхоз лъэпкъ театр къызэрагъэпэщыныр я мураду арати, илъэситI дэкIри лэжьэн щIидзащ а IуэхущIапIэм...

1958 гъэм ГИТИС-р къиухащ етIуанэ адыгэ студием. Абы нэмыщI ди ныбжьыщIэхэр зэман зэхуэмыдэхэм (1975, 1988, 2015 гъэхэм къэзыгъэзэжахэр) щеджащ Щукиным и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр институтым.

Шыбзыхъуэ Басир зи художественнэ унафэщI театрым и репертуарым хэтщ классикэ драматургиеми лъэпкъ драматургиеми щыщ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Иджыпсту ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щолажьэ цIыху 40-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артистхэр, ди республикэм, Ингушым, Адыгейм щIыхь зиIэ я артистхэр, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэхэр.

**Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрыр.** 1937 гъэм и щIышылэ мазэм Облисполкомым и Президиумым къыдигъэкIауэ щытащ щIыналъэ театр къызэIухыным ехьэлIа унафэ. А колхоз-совхоз театрым 1939 гъэм «Любовь яровая» зи фIэщыгъэ япэ балъкъэр лъэпкъ спектаклыр щигъэуващ щытащ Акаев Къасым. Балъкъэр лъэпкъ театрым и Iупхъуэр къыщызэIуихар 1940 гъэращ, ГИТИС-р къэзыуха артистхэм хэкум къыщагъэзэжам.

Иджыпсту театрым (и унафэщIыр Жангуразов Мажидщ) щолажьэ я ныбжь елъытауэ гуэша гупиплI. Иужьрей илъэсипщIым абыхэм утыку кърахьащ урысей, хамэ къэрал драматургхэм щыщ лэжьыгъэу 20-м щIигъу. Нэхъ IэдакъэщIэкI гугъу дыдэу къыпщыхьунухэми зрапщыт театрым и артистхэм икIи ахэр фIы дыдэу къохъулIэ.

**Гуащэ театрыр.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гуащэ театрыр къызэIуахащ 1986 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м. Ар зэрыщыIэ илъэсхэм IуэхущIапIэм мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ ди республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъ, Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэт. IуэхущIапIэм сабийхэм щрагъэлъагъу спектакль, гуащэ зэмылIэужьыгъуэхэр. ЦIыкIухэм, псом хуэмыдэу зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм, я зы махуи гулъытэншэу къигъанэркъым IуэхущIапIэм, ар зэпымыууэ яужь итщ абыхэм я гукъыдэжыр къызэриIэтыным.

**НыбжьыщIэхэм я театрыр (ТЮЗ).** Ар 2012 гъэм къызэIуихащ Нало Георгий. Москва къикIыжа иужь, абы мурад ищIат куэд щIауэ и хъуэпсапIэр - ныбжьыщIэхэм я театр къызэгъэпэщыныр - зригъэхъулIэну. Iуэхур ягу ирихьри, и гукъэкIыр дaIыгъащ Налшык къалэ администрацэм, къалэмрэ республикэмрэ я хыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм, лъэпкъ интеллигенцэм. Театрым и япэ лэжыгъэ хъуащ Одинцовэ Иринэ «Деревенька дурных привычек» и пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. ТЮЗ-м и лъабжьэр режиссёр Дзудтагов Казбек и унафэм щIэту Налшык щылэжьа «Коврик» театрыращ.

Нобэ театрым и труппэм, Кабуловэ Зитэ и унафэм щIэту, хэтщ актёр 20. ЗыкIомрэ пэшкIэ гугъу ехьащ IуэхущIапIэр. 2020 гъэм Танцзалыр зэрагъэпэщыжри къратуаэ, я гуащIэм дихьэх цIыкIуэхэр абы щрагъэблагъэ.

**IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ школ театрыр.** Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тхьэзэплъыж Ислъам хузэфIэкIат куэдым я Iэр къызыпемыкIуэкIын Iуэху дахэ иублэну - абы 2009 гъэм къызэригъэпэщат цIыхубэ литературэ театр. Сабий творчествэмкIэ республикэ унэу Налшык дэтым щызэхаша гупыр «Художественнэ псалъэ» зыфIаща литературэ зэгухьэныгъэт, ар иужькIэ ЛитературэмкIэ театр ящIащ. Илъэсищ дэкIри, IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ цIыхубэ театр хъуащ. Мы гъэм илъэс пщыкIубл ирикъу гупжьейр щолажьэ Налшык и гимназие №32-м. Зи гугъу тщIы театрым гъэщIэгъуэну, Iэзэу, щIэблэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ щапхъэ яхуэхъуу игъэуващ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Чхеидзе Александр и «Хэди къыхэх», IутIыж Борис и «Нартхэм я дыгъэ», «Тырганаэ», «МафIэщхьэтхьэ», Лермонтов Михаил и «ЩIэпхъуэжа», Чуковский Корней и «Тараканище» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. Зэрынэрылъагъущи, гупжьейм гулъытэ хуещI адыгэ, урыс лъэпкъ классикэм.

Гъуазджэм, щэнхабзэм я хьугъуэфIыгъуэхэм щIапIыкI щIэблэм мыхъумыщIэ къазэрыхэмыкIынур куэдым жаIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ зи цIэ къитIуа дэтхэнэ зы IуэхущIапIэми и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ. Псом хуэмыдэу иужьрейуэ зи цIэ къитIуам хуэдэ школ театрхэм. Абыхэм къэралым зыщегъэубгъурэ зэрыхуейм теухуауэ УФ-м и Президентым и унафэ щыIэщи, ар щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэм и щыхьэтщ зы илъэскIэ узэIэбэкIыжмэ я бжыгъэр мин 41-м щIигъуу зэрыщытар. Ди республикэр къапщтэмэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм и мурадщ курыт еджапIэ псоми театрхэр къыщызэригъэпэщыну.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



## Мы махуэхэм

### Гъатхэпэм и 28, щэбэт

♦**Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ**

♦**Тхыдэджым и дунейпсо махуэщ**

♦**1940 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и къэрал лэжьакIуэ, тхакIуэ, усакIуэ **Псыхьмыхьэ Мусэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къардэн Мухьэмэд**.

**ДунеймиIыщытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм ушэх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

### Гъатхэпэм и 29, тхьэмахуэ

♦**Юридическэ IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Руслан**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Осетие Ипщэм, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Дзидзоев Валерий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм ушэх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

### Гъатхэпэм и 30, блыщхьэ

♦**1934 гъэм** къалъхуащ Олимп джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ я чемпион **Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Дэбагъуэ Хьэсэн**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ щыта, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Къэрал Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Хъупсырджэн Албэч**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Бажэ Дотий**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и унафэщI-редактор, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЖьэкIэмыхьу Маринэ**.

♦**1973 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, спортым и мастер, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер **Къардэн Хьэсэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм ушэх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 27-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 24-рэ: 16-р хъыджэбз цIыкIущ, 8-р щIалэщ.

*Гъатхэпэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 729-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2217-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зи щхьэ Iуэху зыхуэмыщIэжыр хамэ IуэхукIэ ерыщщ.**

• КIэщIу

### Хьэцэпэцэ бэв

**Нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм гуэдзэрэ хьэуэ кърахьэлIэжащ тонн мин 231,5-рэ икIи ар ипэ ита илъэсхэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 11,6-кIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу тонн мин 220,7-р фермер, унеи, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм ейщ, къитащ Росстатым иджыблагъэ.**

АПХУЭДЭУИ, хьэцэпэцэм и бэвагъым процент 13,6-кIэ хэхъуащ илъэс блэкIам, зы гектарым хуэзэуиику иту центнер 44,5-рэ къытрахыжащ мэкъумэшыщIэхэм.

2025 гъэм гуэдзым щIыуэ хухахар гектар мин 53-рэ хъуащ икIи ар ипэ ита илъэсым щыIэ бжыгъэхэм куэдкIэ къыкIэрыхуакъым.

### Санкт-Петербург къалэм зыпащIэ

**Мы гъэм накъыгъэм и 29-м щегъэжьауэ Налшык къалэм икIыу тхьэмахуэм къриубыдэу щэ Санкт-Петербург къалэм кхъухьлъатэхэм кIуэн щIадзэнущ.**

«ПОБЕДА» авиакомпанием и «Boeing 737-800» кхъухьлъатэхэм рейсхэр ягъэзэщIэнущ бэрэжьей, мэрем, тхьэмахуэ махуэхэм.

Санкт-Петербург и «Пулково» аэропортым кхъухьлъатэхэр къытелъэтыкIынущ сыхьэти 10-м. «Налшыкрэ Санкт-Петербургрэ зэпыщIэ авиарейсхэм лъэныкъуитIым я декIи экономикэ, социальнэ, туризм мыхьэнэ инхэр яIэщ, псом хуэмыдэу, туристхэр нэхъыбэу щызекIуэ лъэхъэнэм щыщIидзэхэм ирихьэлIэу», - щыжаIащ Кавказ Ищхъэрэм и «Новопорт холдинг» компанием.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, иужьу Санкт-Петербургрэ Налшыкрэ кхъухьлъатэхэмкIэ щызэпащIар 2023 гъэрщ. Мыдрейуэ, 2025 гъэм Налшык и кхъухьлъатэ тельэтыкIыпIэм цIыху мини 185-рэ щызэблэкIащ икIи процент 10-кIэ ар нэхъыбэщ 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

**ЩЭУЕЙ Былэ.**




● Шхыныгъуэ

# Адыгэ лы гъэжьэкIэ

ЛЫПЦIЭР зэпаупщI г 35 - 40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, лыри бжьынри псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри, фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIауэ щIыIапIэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIухэри бжьынри хъыдан гъущэкIэ ялъэщI.

Щагъэжьэнум и деж япэщIыкIэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фIэз ящI, и кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкIэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Дзасэм къыфIалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ.

Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ



яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхыхьахэм.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** мэлылу - г 250-рэ, адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● Фэ фщIэрэ?

# Зегъэуби, уи бын пIыж

***Дзыхь зыхуамыщI щыкъур мэкъутэ*** - ЦIыхум а нэхъ и нэIэ зытет, нэхъ зыхуэсакъ дыдэм зыгуэр къыщыщыщIам деж, игу хэщIу къипсэлъ хабзэщ.

***Ер вы бжьакъуэм къокI*** - Щхьэусыгъуэ мыхьэнэншэ дыдэкIи бэлыхьышхуэ къыщыхъу щыIэщ.

***Жылэр щыIэпхъуэм гуащэм къаз егъэхъу*** - «ИщIэн хуей Iуэху нэхъыщхьэр къигъэнауэ, нэхъ мыхьэнэншэ Iуэхур елэжь» жыхуиIэщ.

***Жьыуэ къэтэджамрэ щIалэу къэзышамрэ щIегъуэжакъым*** - Жьыуэ укъэтэджмэ, нэхъыбэ пхуэлэжьынщ, нэхъ пасэу къапшэмэ, нэхъ щIэхыуи дэIэпыкъуэгъу бгъуэтынщ.

***Зэгъунэгъуитl я мэл бжыкIэ зыкъым*** - Дэтхэнэ зы унагъуэми, лъэпкъыми, цIыхуми езым и хабзэ, и Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэжу зэрыщытыр къыжыIапхъэу къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

***Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым*** - ГъащIэм зэкъуэш зэхуищIахэм я гугъу щащIкIэ къапсэлъ хабзэщ.

***Зэхэзылъхьэ зэхихыжынщ*** - ЦIыхум зэхищIыхьа Iуэхум, илэжьа щыуагъэм папщIэ хуэфащэр егъуэтыж.

***Зэхэшэ шэбэщ*** - Къару зыхэлъым куэд лъокI.

***ЗэIусэм псэ хелъхьэ*** - «ЗэIусэр мэхъу» жыхуиIэщ. Iэужь дахэ зиIэ цIыху IэпщIэлъапщIэм хужаIэ.

***Зегъэуби, уи бын пIыж*** - КъыхужаIэнур иригъэкIуэтэкIыфрэ, быным я Iуэху дэгъэкIыныр япэ игъэщыпхъэу къыщалъытэм ехьэлIауэ къапсэлъ.

***ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым*** - «Жэрдэм зыщIэм, лажьэм зыгуэр къелэжь» жыхуиIэщ.

***Зи бзэ Iэфl щынэр мэлитI ящIоф*** - Псори арэзы зыщIым псори къыхуэфIщ, фIыуэ къыхущытщ.

***Зи жьэм и зэран екIыжа куэд кхъэм щIэлъщ*** - ЖумыIэпхъэ жумыIэ. Зи жьэр зыхуэмыубыдхэм, къемызэгъ къызыжьэдэкIхэм, я щхьэм и зэран зыхэлъ къэзыпсэлъхэм яхуэгъэза дерсщ.

***Зи мырамысэ зыхуэмыщIыжыр гъунэгъум жэмыкуащIэ макIуэ*** - ЗызымыщIэжхэм, зи щхьэ и пIалъэ зымыщIэжхэм ятеухуащ.

***Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесщ*** - И гугъу щащI е ягу къыщыкI, щегупсыс дыдэм ирихьэлIэу къыкъуокI.

***Зи щхьэ зыхъумэфыр Тхьэми къехъумэ*** - Сакъыныгъэ пхэлъын зэрыхуейр уигу къэзыгъэкIыж псэлъафэщ.

● Iуэрыlуатэ

### Жылэр щIэIэпхъуэр

ЖЭБАГЪЫ зыдэс жылэр бгы лъапэм тест. Бгым дэкIауэ, абы гу лъитащ ар къызэрежьам. Бгы къэчапIэм мывэ дилъхьащ Жэбагъы. Зэман дигъэкIри, мывэм еплъащ: мывэр бгым дэкIуэтат. Тригъазэурэ зыбжанэрэ кIэлъыплъащ мывэм: ар бгы къэчам дэкIуатэ зэпытт. Къуажэпщым деж кIуащ Жэбагъы:

- Бгыр къыгуэунущ: къуажэр гъэIэпхъуэ, - жери.

Къуажэм и ныкъуэр бгы лъапэм къытекIащ, къытенар бгыр къыгуэури щIиубыдащ.

### Акъылыншэри лIари зэхуэдэщ

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭ Мысострэ Къейтыкъуэ Аслъэнбэчрэ зэщыIеящ. Къейтыкъуэ Аслъэнбэч лей къытехьауэ къилъытэрти, шу гуп игъэшэсащ, ХьэтIохъущокъуэ Мысост теуэн мурад ящIри.

ЩIызэщыIеяр мыхьэнэншэ гуэрт: пщитIым я мэлыхъуэ зэхуилъауэ арт, лъы щIэбгъэжэн хэлъткъым.

Къейтыкъуэ Аслъэнбэч шухэр игъэшэсауэ щызэхихым, Жэбагъы пщым деж кIуащ, лIы гуп зыщIигъури. Пщым и пщIантIэм дыхьэри, Жэбагъы щIыгъу лIы гупым дыуэ ящIащ, Къейтыкъуэ Аслъэнбэч унэм къыщIэкIащ:

- Дыуэ щхьэ фщIырэ? - жери.

- УлIауэ зэхэтхати, дыкъэкIуауэ дыуэ дощI, - жиIащ Жэбагъы.

- СылIарэ сымылIарэ флъагъуркъэ? - игъэщIэгъуащ пщым.

- Акъыл зимыIэж лIыр лIа пэлъытэщ, - жиIащ Жэбагъы. - Мыхьэнэншэ щхьэкIэ лъы щыбгъэжэфынукIэ - акъыл уиIэжкъым.

Пщыр укIытэри, Iэщэр игъэтIылъыжащ.

● ЛIакъуэхэр

# Мэхъуэшхэр

Я БЖЫГЪЭКIИ щIыналъэкIи мэхъуэшхэр адрей адыгэ лъэпкъхэм нэхърэ нэхъ мащIэщ. Ахэр беслъэнейхэм я гъунэгъуу къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэуащ, Хуарзэ, Псыхур, Iэл псыхэм я тIуащIэхэр яIыгъыу. Я лъэпкъыцIэр къызыхэкIар нахуэкъым.

Мэхъуэшхэм я псэлъэкIэр кIахэ адыгэхэм ейм нэхъ ещхьщ, ауэ зи гъунэгъу беслъэнейхэр зэрыпсалъэми мащIэу тохуэ. Я гъунэгъухэм зрагъэзэгъыу, зауэ-банэ хэмыту, ауэ я щхьэхуитыныгъэхэр мэхъуэшхэм яхъумэжыфу къэгъуэгурыкIуащ. КъухьэпIэмкIэ щыIэ адыгэхэм къащхьэщыкIыу абыхэм пщы яIащ - Бэгъэрсокъуэхэ. Абы хуэжыIэщIэу зэрыщытым и фIыгъэкIэ мэхъуэшхэр зэгурыIуэхэу икIи хуэщIауэ псэуащ. Нэхъыбэу ахэр Iэщ гъэхъуным елэжьхэрт, апхуэдэу я щIыр пшэрти, гъавэ бэви къытекIырт.

XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм адрей адыгэ лъэпкъ псоми я щхьэм кърикIуам хуэдэ мэхъуэшхэр хъуащ: Кавказ зауэм и цIыхуу куэд хэкIуэдащ, куэдми адэжь лъахэр ябгынэри, Тыркум Iэпхъуащ.

Мэхъуэшхэри адыгейуэ ятх, адыгей литературэбзэм иропсалъэ. Абыхэм уащыхуозэ адыгэ диаспорэ здэщыIэ къэралхэми.

● ЖыIэгъуэхэр

# НэхъыщIэфI зэхъулIар жьыщхьэ махуэщ

♦Узыпэмыплъэхха гъащIэм ухуэхьэзыру къыщIокIри, узыщIэбэнар нэгъуэщIу къыщIедзыж.

♦ЦIэрыIуэ хъуа гуэрым жиIа хуэдэу зэи къыпхуамыгъэдэхэнур гъэIуи, гупсысэ кууэ къащыхъунущ.

♦ЦIыхур куэдым къыхуигъэщIащ, ауэ гушыIэр къыщIигъэщIар джэгуакIуэ Iущым и закъуэщ.

♦Щхьэж къыхуэгъащIэ и гъащIэщ.

♦ЩытхуэфIэмыкIынум сыту фIы куэд длэжьыну дигу къэкIрэ!

♦Зыр къызыхэмыкIыжыфым адрейр хыхьэну йокъу.

♦Уи щхьэм арэзы утемыхъуэжыныр зэранкъым, арагъэнщ апхуэдэр куэдрэ къыщIытхуимыхуэр.

♦КупщIэр куэдрэ бгъэныщкIумэ, кунэф мэхъу.

♦ЦIыхуитI зэщхьу щыIэкъым жаIэ: цIыхугъэм нэса псори зэщхьщ, къэна-нэнахэри я шыфэлIыфэкIэ зэхуэдэщ.

♦ДжэдыкIэм и ныбжь нэсмэ, джэдщ.

♦Нэхъыжьыр къызыгурымыIуэр щIалэщ, щIалэр къызыгурымыIуэжыр лIыжьщ.

♦НэхъыщIэфI зэхъулIар жьыщхьэ махуэщ.

♦ЩIалэгъуэм имытхьэлэу къелым гъащIэ къыпоплъэ.

♦ЩIэблэм уи гугъу щIищIын щIэнызгъэрэ акъылрэ къыпщIэнамэ, уащыгъупщэркъым - тIури бын лIэужьыгъуэщ.

♦Акъылрэ щIэныгъэкIэ зыпэмылъэщыр лъабжьэкIэ яхь.

♦Бзаджэ зыжраIэнум мыхъун гуэр паубыд.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **4**. ... зейм емыщхьмэ, хьэрэмщ. **7**. Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ - ... и зырыз благъэ. **8**. Къуэ уиIэмэ, ... уиIэщ. **9**. Я нэхъыкIэм гухъу ... щIеуд. **10**. Хьэрэмыр нэбгъузкIэ .... **12**. ... щысу шыпсэ умыIуатэ. **14**. Дыгъужь мэлыхъуэ ...? **15**. Зы хьэщIэм зы хьэщIэ и жагъуэщи, хьэщIитIыр ... и жагъуэщ.

***Къехыу:*** **1**. Хъуэжэ ... къиштэри, лIыщIакIуэ ежьэжащ. **2**. Гъатхэ ... кIагъуэпскIэ уегъэпскIри, бжьыхьэ ... тхъупс къыптрекIэ. **3**. Джэд ... и пщIыхьщ. **5**. Гъэм и зы махуэм ... уегъашхэ. **6**. Жьэм къыжьэдэкIа ... фочым къикIа шэри зэхуэдэщ. **11**. Зи Iэгу ... и нэгу щIыIэщ. **13**. ... зэхэдзэ нэхърэ - Iыхьэ зэхэдзэ. **14**. ХьэщIэр жэщищ исмэ, быным ... мэхъуж.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

***Гъатхэпэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Апэсы. **6**. Ержыб. **7**. Хьэ. **8**. Жьэмей. **10**. Хъуп. **14**. Тхьэрыкъуэ. **15**. Гъум. **17**. Чэтэн. **19**. Пэ. **20**. Бланэ. **21**. АдрыщI.

***Къехыу:*** **1**. ГупкIэ. **2**. Псыжь. **3**. Хъурей. **4**. Шыпхъу. **7**. Хьэсэгъу. **9**. Мурат. **11**. Пыпхэ. **12**. Къута. **13**. Къэб. **16**. Молэ. **17**. Чынт. **18**. Надэ. **19**. Плъыр.



# Щэнхабзэм и лэжьакlуэхэр ягъэлъапlэ




**Лэскэн щlыналъэм хыхьэ Уэзрэдж къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щагъэлъэпlащ дунейр дахагъэкlэ зыгъэнщlхэм, къэралым и хабзэхэр, щэнхабзэ хъугъуэфlыгъуэхэр зыхъумэхэм я махуэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм.**

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къахуеджащ республикэм и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек зи махуэр зыгъэлъапlэхэм зэрызахуигъазэ хъуэхъу тхыгъэм. Апхуэдэу щlигъужащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий, КъБР-м и прокурор Хабаров Николай, республикэм экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкlэ и Советым и секретарь Тату Казбек сымэ щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм зэрехъуэхъур, я зэфlэкlхэм зэрыригушхуэр къыхагъэщу.

Министрыр щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм ехъуэхъуащ зыпэрыт lэнатlэм ехъулlэныгъэ щаlэну, дахагъэрэ гукъыдэжкlэ цlыхухэм яхуэупсэхэр я унагъуэкlи я щхьэкlи ефlэкlуэну, узыншагъэ быдэ яlэну. Къумахуэм фlыщlэ, щlыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ, илъэс куэд щlауэ я lэнатlэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкlэ зэрыпэрытым, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащlым папщlэ. Пшыхьым щагъэлъэпlахэм ящыщщ КъБР-м и къэрал филармонием и симфоние оркестр Темыркъан Борис и цlэр зезыхьэм и уэрэджыlакlуэ lэпщэ Алим, Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкlэ центрым и унафэщl Жаным Саидэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщlым и къуэдзэ Куэшей Заурбий, Лэскэн щlыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и художественнэ унафэщl Мэшыкъуэ Руслан, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Пащтыкъ Анфисэ, Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэ сурэтыщl гъуазджэмкlэ музейм и унафэщl Ремхен Еленэ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и «Киновидеоучреждение» къэрал щэнхабзэ lуэхущlапlэм и унафэщl Шурдым Аксанэ, нэгъуэщlхэри.

Лэскэн щlыналъэм и администрацэм и lэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбий зэхуэсахэм фlэхъус гуапэ ярихри, щыпlэм исхэми езым къыбгъэдэкlыуи щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм ехъуэхъуащ ехъулlэныгъэрэ узыншагъэрэ яlэну. КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбекрэ Къумахуэ Мухьэдинрэ абы фlыщlэ яхуищlащ республикэм щэнхабзэмкlэ унэхэр зэрыщаухуэм, зэрыщызэрагъэпэщыжым, lэнатlэм и лэжьакlуэхэм гулъытэ зэрыхуащlым папщlэ.

Зэlущlэм щыжаlащ щэнхабзэм ныбжьи, гъуни, нэзи зэримыlэр, абы лъэпкъхэр, балигъхэмрэ сабийхэмрэ зэрызэкъуигъэувэр. Пшыхьым фlыщlэ щыхуащlащ, lэгуауэ ин щыхуаlэтащ щlыналъэм фестивалхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэзыгъэпэщхэм, спектаклхэр щызыгъэлъагъуэхэм, щlэблэр макъамэм, къафэм, лъапlэныгъэхэм щlэзыпlыкlхэм.

Пшыхьыр ягъэдэхащ щlыналъэм и къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ нэхъыфlхэм, макъамэ lэмэпсымэхэм хуэlэзэхэм.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **ТЕКlУЖЬ Заретэ** *ейщ.*



# Къайхъулlащ я мурадхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэ Оперативнэ штабым 2026 гъэм гъатхэпэм и 24 - 25-хэм иригъэкlуэкlащ террорым пэщlэтынымкlэ зыгъэсэныгъэхэр.**

ТЕРАКТЫР къызэпыудыным ехьэлlауэ зэфlэхыпхъэхэм елэжьащ, къапщытащ абы хэта lэнатlэхэм щытыкlэ зэхуэмыдэхэм зэрабгъэдыхьэ lэмалхэм сэбэпынагъыу къахьым.

Зыгъэсэныгъэм хэтащ КъБР-м щыlэ УФСБ-м, МВД-м, СК-м и СУ-м, МЧС-м, Урысей гвардием, къэрал властымрэ щlыпlэ самоуправленэм и органхэмрэ я лlыкlуэхэр.

Оперативнэ штабым зэфlихащ террорым пыщlа lуэхухэр и чэзум къызэпыудынымрэ абы и лъэужьхэр гъэмэщlэнымрэ ехьэлlауэ гъэзэщlапхъэхэр.

Зыгъэсэныгъэм зыщыхуагъэувыжа мурадхэр къайхъулlащ.

***КъБР-м щыlэ Оперативнэ штаб.***

● Футбол

# Зэныбжьэгъугъэ зэlущlэхэм щылъэщащ, адэкlэ-щэ?

**Къэралым и къалэ зэмылlэужьыгъуэхэм нобэ щыщlидзэнущ Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекlуэкlыну зэхьэзэхуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхьыр къэралпсо утыкум щызыхъумэну «Спартак-Налшыкым» абы хъарзынэу зыхуигъэхьэзыра хуэдэщ.**

СЫТИ жыlи, нэгъабэ и дыгъэгъазэм щыщlэдзауэ ирагъэкlуэкlа зыгъэсэныгъэхэр щlэх-щlэхыурэ къызэрипщытэжа зэныбжьэгъугъэ зэlущlэу 14 «Спартак-Налшыкым» иригъэкlуэкlати, 10-м щытекlуащ, 4-м щызэрытегъэкlуакъым, зэи зыми къыхигъэщlакъым. Щэбэтым щlэзыдзэ зэхьэзэхуэм апхуэдэуи зыкъыщигъэлъэгъуамэ, лъагапlэщlэхэр я плъапlэ хъунут.

Иужь лъэхъэнэм тренер нэхъыщхьэ Емкъуж Мурат и гъэсэнхэр нэхъыбэу зэлlэлlар джэгупlэ губгъуэм къихьэну нэхъ зыхуэфащэхэр зэхэгъэкlынымрэ ахэр дагъуэншэу зэгурыгъэlуэнымрэщ. Абы къыхэкlыу тхьэмахуэ я зэхуакуу иужьу зэныбжьэгъугъэ зэlущlитl ирагъэкlуэкlащ. Япэм, гъатхэпэм и 15-м, Красноярск и «Енисей-2»-м аргуэру lущlати, 3:1-уэ текlуащ. Ди щlалэхэм ящыщу къыхэжаныкlащ Кlэдыкlуей Хьэким, Сарбашев Давид, Гирзишев Тамерлан сымэ. Апхуэдэ щыкlэкlэ ирагъэкъужащ тхьэмахуэ ипэкlэ абыхэм зэрапэмылъэщар (1:1).

Гъатхэпэм и 22-м «Спартак» республикэ стадионым и lэрыщl губгъуэм щыдэджэгуащ «Налшык» футбол школым зыщызыгъасэ щlалэгъуалэм. «Спартак-Налшыкым» абы и щlыхьыр щахъумащ Къумыкъум (Гъуом, 70), Кlэдыкlуейм, Пириевым, Кlэщтым, Хьэшырым, Гирзишевым, Дзыгулым, Хьэцlыкlум, Сарбашевым, Урысым (lэпщацэм, 65), lэпщацэм (Дзарасовым, 46). Зэхъуэкlыныгъэ щlагъуэ щымыlэу мыхэрауэ къыщlэкlынущ налшыкдэсхэр зэхьэзэхуэм зэрыхыхьэнур.

Щlалэгъуалэр ерыщу нэхъыжьхэм япэщlэтащ икlи бжыгъэр къызэlуамыхауэ джэгум и lыхьэ ныкъуэр иухащ. Загъэпсэхуу къихьэжа нэужь «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэ Гирзишев Тамерлан, угловой къыщыхатэм къакlуэри, я хьэрхуэрэгъухэм топ яхудигъэкlащ. Куэд дэмыкlыу, джэгум къыхыхьагъащlэ Дзарасов Сослъэн бжыгъэр игъэбэгъуащ, жыжьэу щыту лъэщу гъуэм еуэри.

Мы зэlущlэм «Спартак-Налшыкым» и тренерхэр япэу щеплъащ гъуащхьэтет щlалэщlэ Гъуо Амир и зэфlэкlым. Къищынэмыщlауэ, lэпщацэ Ренат мащlэу зрагъэгъэпсэхури, аргуэру джэгум къыхагъэхьэжащ.

Аращи, 2:0-у текlуауэ «Спартак-Налшыкым» и зыгъэсэныгъэхэр къиухащ. Адэкlэ зэlущlэ нэхъ гуащlэхэр къыпэщылъщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, зыгъэсэныгъэ лъэхъэнэм ди щlалэхэм къахыхьащ куэдкlэ узыщыгугъ хъуну гъуащхьауэ Ибрагимов Магомедрэ (дыдейхэм яхэту топитху дигъэкlыну хунэсащ) гъуащхьэхъумэ Гирзишев Тамерланрэ. Мыгувэу зэгурыlуэныгъэ дращlылlэну загъэхьэзыр Дзарасов Сослъэн - ар гъуащхьауэщ.

«Спартак-Налшыкым» хэкlыжащ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ Джыназ Замиррэ. Фэбжь зэрагъуэтам къыхэкlыу зэкlэ ди командэм дэlэпыкъуфынукъым гъуащхьауэхэу Кумыщ Ахьмэдрэ Лысенкэ Сослъэнрэ.

«Гъуэгу махуэ!» яжыдоlэ ди щlалэхэм икlи дащогугъ я текlуэныгъэхэмкlэ дэрэжэгъуэ куэд къыдатыну. Нэгъабэ лъандэрэ абы икъукlэ дызэрыхуэзэшам шэч хэлъкъым.

Нобэ, гъатхэпэм и 28-м, щlэзыдзэ Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекlуэкlыну зэхьэзэхуэм и пэщlэдзэ джэгугъуэм ипкъ иткlэ зэхуэзэнущ «Ростов-2» (Дон lус Ростов) - ПСК (Первореченскэ), «Победа» (Хасавюрт) - «Ангушт» (Нэзрэн), «Нефтяник» (Избербаш) - «Дружба» (Мейкъуапэ), «Шахтёр» (Донецк) - «Кызылташ» (Бахъчисарай), «Заря» (Луганск) - «Севастополь» (Севастополь), **«Астрахань» (Астрахань) - «Спартак-Налшык»** (Налшык), «Чайка-м» (Песчанокопскэ) - «Рубин» (Ялтэ), «Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Нарт» (Черкесск) командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту яттхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.267 • Заказыр №596

ДИ ХЭЩlАПlЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А